ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ГУШЫЛЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№245 (22.153) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Бюджетым хьэзырщ

Дыгъэгъазэм и 22-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым щыізэхэтащ мы гъэм и бжыхьэ сессием и нужьрей зэІуІэр. Ар иригъэкІуакІ КъБР-м и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и Унафэщ Чеченов Ануар. Ятюн эзи къэмыхьауэ, а зэІуІэр эфир заншІэу кьышагъэлъэгъуащ Интернетым.

АБЫ ЩЫЩІДЗЭМ, лъэпкъым я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ, депутат Жэрыкьэ Борис иратыжащ осетинхэм я Дунейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и совет нэхъыщхьэм кьыхуигъэфэща Щ1ыхь тхылъыр.

Мыгъэрей бжыхьэ сессием и нужьрей зэІуІэм депутатхэр щыхэплъащ Іуэхугъуэ 23-м. Абыхьэм ящыщ КъБР-м и бюджет іуэхэІэмрэ бюджет зехьэкІэмрэ зтеухуа законым и 6 статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр, республикэм 2012 гъэм иІэну бюджетымрэ 2013, 2014 гъэхэм я бюджет планымрэ теухуа законым и проектыр, Къэбэрдей-Балькъэрым кадет щІэныгъэ щегъэгъуэтыным теухуар, нэгъуэщІхэри.

Бюджет ахъшэр къэзыгъэсэбэпыну хуитхэр зэхащэщхьэхукІыу, щІыналъэ, щІыпІэ бюджетхэм я зэхущытыкІэ хэр хабзэщІэм трашэу, еІанэгъэ лэжьэн щІадзэ федеральнэ хабзэгъэув акт зыбжанэм. Аращи, КъБР-м и бюджет іуэхэІэмрэ бюджет зехьэкІэмрэ зтеухуа Законым зэхъуэкІыныгъэ хамылъхьэу хъуркъым. Абы и фІыгъэкІэ, дяпэкІэ муниципальнэ куейхэм я бюджетым хуаутІыщынущ цІыху щхьэхуэхэм зта налогым щыщу процент 47-р. Къалэхэм абы щыщу яІэрыхьэнур проценти 10-ращ. Апхуэдэу муниципалитетхэм псори зэхэту яІэрыхьэнри и бжыгъэр бюджет зэгуэтым и процент 20-рщ.

ДызэрепльымкІэ, ар район, кьуажэ муниципальнэ Іуэхущапіэхэм я фейдэ зыхэлъщ, сыту жыпІэмэ, 131-нэ Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, абыхьэм езыхэм я бюджет мылькур я къаруКІэ кьызэрагъэпэщыкыну я кьалэнщ. АрщхьэкІэ, бюджет ахъшэм и кьыхэхьпІэ зэрамыІэм кьыхэкІыу, республикэм и муниципальнэ Іуэхущапіэхэм а законыр яхуэгъэзащІэркъыми, дотацэ ахъшэ хуаутІыпщын хуэдэ мэхъу. Мис а дотацэм зэгъэщІынрагъ зыхуэхэнэтІари бюджет уэхэкІэм игъуэт зэхъуэкІыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Кьанщобий** зэІуІэм щигъэлъэгъуащ республикэм 2012 гъэм иІэну бюджетымрэ 2013, 2014 гъэхэм я бюджет планымрэ теухуа законым и проектыр. Депутатхэр абы хэплъащ иужьрей, ещанэ, емджэгъуэ.

Ахъуэхъу Кьанщобий кьызэрыхигъэщамкІэ, етІанэгъэ КъБР-м и бюджетым кьигъэсэбэпыну ахъшэр проценти 3,4-кІэ зэхъуэбгъу щытынущ абы кьыхэхьэнум нэхьрэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, 2012 гъэм бюджетым хуримкъунукъым сом мелуан 800 хуэдиз. А ахъшэр кьыздрахыну зыгъащІыхьыр зыубзыху статьяхэр зэхъуэкІыныгъэу законым и проектым и мы зэІуІэм щыхъыхьэкащ. Республикэм кьыІэрыхьэнущ федеральнэ бюджетым кьыхэкІ бюджет кредит зэмылІэужьыгъуэхэр, псальэм папщІэ, гъэугъэр уэхуэным, зэгъэнэщыжным текІуэдэнур.

ЕТІанэгъэ республикэм иІэну бюджетым теухуа законопроектым хальхьащ Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенкэ Тать янэрэ** Лэскэн районым и администрацэм я кьыхальхьа зэхъуэкІыныгъэхэри.

Депутатхэм Іэлэтхіэ кьащтащ Къэбэрдей-Балькъэрым кьэблагъэ ильэси 3-м финансхэм ехьэлІауэ иІэну щыхьэт тхылъ нэхъыщхьэр.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ КъБР-м и мыгъэрей бюджетми. Республикэм финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** кьызэригъэлъэгъуамкІэ, дызэрыт мазэм бюджетым кьыхэхъуэн хуей бжыгъэм зиІэтри, зихьэужащ сом меларди 2-рэ мелуан 700-кІэ. Абы щыщу сом мелард 1,3-р кьаутІыпщ «Этана» предприятэр Май районым щыхуэхьэным текІуэдэн папщІэ, мэкъумэщ Іуэхуэхэм кьыхалъхьэ сом мелуан 300-м щигъу, сом мелуани 116-р хухахащ мы гъэм и бюджет Іуэхуэхэр дагъэшІэу зэхъуэгъэкІыжыным.

КьищыкъэмыщІауэ, Бышэн Азрэт кьыхигъэщхьэхукІащ 2012 гъэм и бюджетым мазищ кьэс зэ хэплъэжын хуей зэрыхьэнур, республикэм кьыхэхъуэ ахъшэм зэрызиІэтынум ельытауэ абы зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьэн папщІэ. АтІэ, налогхэм я процент 80-р республикэм езым кьигъэсэбэпыну хуит кьэзыщІ законыщІэм етІанэгъэ лэжьэн зэрыщІидзэм и фІыгъэкІэ (ипэм процент 70-рат зыхуитар), хэхъуэгъэ зытращІыкьым нэхърэ нэхьыбэу зэрыщІытынум шэч хэлъкъым.

Зэдауэ нэщэнэ хэлъу, депут атхэр тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым кадет щІэныгъэ щегъэгъуэтыным теухуа законым и проектым. Ар кьыхэкІ Урысей Федерацэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и законым хэлъ нэкьыцэныгъэхэм. Псальэм папщІэ, «кадет щІэныгъэ», «кадет гъэсэныгъэ», «кадетхэр гъэхьэзырын» псальэхэм а законым зы щІыпІи ущрихьэлІэрэкьым. Абы кьыхэкІыуи, проектыр етІуанэ ящыщ фІыкІа кьащтакьым - ар кьыхэзыльхьа комитетыр елэжьыжу ещанэ ящыщ зыхуигъэхьэзырын хуейщ.

ЗэІуІэр щызэхуищІыжым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ бюджетым и сессием кьриубыдэу лэжьыгъэшхуэ зэрыщэфІагъэкІам папщІэ икІи иІльэсыщІэ дызыхуэхэІэжьыкІэ кьызэхуэса псоми гуапэу ехьэхуэхьащ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Жылагъуэр зэкъуоувэ

Дамаск и чыристри хьэблэм вэсмахуэ щекІуэкІащ щІыхьмин куэд дыхэта пэкІушхуэ. Абы щызэхуэсахэм ягъэхъущащ «Сириемрэ и властыр трахуну нужь ит терроризмхэр». Баб Тумэ утыкум кьекІуэлІар чыристэнхэм я закъуэтхьым - абыхьэм я гъэащ мусльымэнхэри.

Сириемрэ и жылагъуэм апхуэдэ щыкІэкІэ кьигъэлъэгъуащ дин зауэр кьэзыІэтыну хуэщІэкъуэм щІыхьэр зэкъуэту зэрыпщІэуэвэр. «Сурия» къэрал телеканалым кьызэригъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ пэкІуэр щызэхэтащ дин зэмылІэужьыгъуэхэр щаІыгъ нэгъуэщІ кьалэхэми куейхэми. Чыристэн жылагъуэхэм я дин лъыщхьэхэм къэралым щыпсуэр мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ кьыхуэрадзащ икІи Сириемрэ кьэкІуэнур абы и унафэщІхэм кьуэва щыхьэм зэрауб зыхуэнур кьыхагъэщащ.

А пэкІуэр зэхуэшэсыным лъабжьэ хуэхьащ мэрем кІуам ислъам диныр тегъэщІапІэ зыщІыну нужь ит экстремистхэм Дамаск щалъжьа терактыр. Сириемрэ МВД-м кьызэритамкІэ, хэкІуэдахэмэ уЭгъэхэмрэ щыхьэ 200-м щегъу. Террористхэр зэуар кьэрал щынагъэщІагъэмкІэ управленэмрэ щІынадъэм и тІасхъэщІэх Іуэхущапіэмрэщ.

Сербхэр арэзыкьым

Косовэм щыпсу сербхэм мурад ящІащ Принтинэ кьыщызэгъагъэпэща властыр къэмытынчым теухуа референдум 2012 гъэм мазаем и 15-м иригъэкІуэкІыну. А махуэм Сербием щагъэлъэнІэнущ и къэралыгъуэр кьызэрыуІэхуэр.

Нетаньяху Биньямин кІыным теухуа унафэр Косовэ и ищхьэрэкІэ щыІэ Звечан къалэ щыкІым кьыщащтащ, - абы щекІуэкІат муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм я зэІуІэ. А Іуэхугъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Косовэрэ Сербием и щыналъэ курытымрэ я гъунапкъэхэм щІыхьэрэ автотранспортри хуиту зэпрыкІыну зэрыязэгурыІуэр. Зэдауэ нэхьыбэ къэзыщІэр Сербиемрэ Косовэрэ я административнэ гъунапкъэхэр зэпызыпущІ автотранспортым и «страховой взнос» ятын зэрыхуейращ. А зэгурыІуэныгъэм и бийуэ къэуващ Косовэ щыпсэу сербхэр, Сербием и властым абыхэм я хуитынымкІэхэр игъэмащІу кьалытэри.

Щхьэусыгъэр гъэутыгъуафІэщ

Израильм и премьер-министр Нетаньяху Биньямин зэрыжиІамкІэ, абы и къэралыр Палестинэм и Іьэпкъ администрацэм епсэльнукъым, я правительствэм ХАМАС зэхъуэкІыныгъэм щыщхэр хагъэхьэмэ.

Нетаньяху Биньямин къыхигъэщащ Къуэкъпіэ Гъунэгъум илъэс куэд щыІуэ щекІуэкІ кІуачІэр гъэзэкІуэжыным теуухуа зэпсэльапІэхэм зэрыкъуэхьэзырыр, ауэ Израиль къэралыгъуэм и щыналъэншагъэр кьызэгъэпэща мыхьэуауэ зы зэгурыІуэныгъэм и Іэ зэрытрамыдзэнур.

Нихьапэ Іуэкі Израильм и МИД-м и Іэтащхьэ Либерман Авигдор жиІат къэблагъэ ильэси 10-м кьрыубыдэу журтхэмрэ Палестинэмрэ мамырыгъэкІэ зэгурыІуэну и фІэщ зэрымыхьур.

Израильм и унафэщІэр Палестинэм хуэІэ зэхъущытыкІэхэм апхуэдизу тепсэльыхьымкІэ щхьэусыгъуэ хуэхъуащ тхьэмахуэ кІуам ПНА-м и унафэщІ Аббас Махьмудрэ ХАМАС-м и Политбюром и Іэтащхьэ Машааль Халедрэ Каир щызэхуэзэу Іьэпкъ зэкъуэтыныгъэм и правительствэ кьызэрагъэпэщыну зэрызэгурыІуар.

Плюнэр ыгъэхьэлэрар ГЪУЩІО Зарифэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Щытыкіэр ефІэкІуэн папщІэ

КъБР-м и премьер-министрым и кьуэдзэ **Уэнаев Кязым** Гъэугъэхэм щынагъуэнащагъэр кьыщыдзэгъэпэщыныкІэ щІэрыщІэу зэхаша правительствэ комиссэм и ящэ зэІуІэр дыгъэгъазэм и 25-м иригъэкІуэкІащ. Абы пэублэу кьызэрыхигъэщамкІэ, зи унафэщІ комиссэм и зэхэтыкІэр ящэрейм куэдкІэ кьыщхьэщыкІ. Ар щаубзыхуэм пэнэкьуэ гъэкІэ щыкІа лъытащ, гъэугъэм щытыкІэр щегъэфІэкІуэным Іуэху хузиІэ Іэнатіэхэм я лІыкІэ-кІуэр хагъэхащ.

2012 гъэм республикэ комиссэр зэрыплэжьыну планым и проектыр зэпхьрахын и пэ кьихуэу, Жнаев Кязым нэхъ зыгъэпІейтэкІэм кІэщІу кьытеувыІащ. Абы кьыхэригъэлъэгъуамкІэ, илъэсым щыщу блэкІа мазэ пщыкІэзым Урысей Федерацэм и гъэугъэм насыпыншагъэ 181.339-рэ кьыщцыхьэщ. Абыхэм щыщу цІыху 228.631-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр хахащ. Нэгъабэ и лъэныкъуэ лъэхъэнэм ельытауэ автомобиль зэжьэхэуэм процент щыпаиІкІэ, уІэгъэ хьуэхэм процент щІапаиІкІэ, хэкІуадэхэм я бжыгъэм проценти 3,7-кІэ хэхъуащ.

- Ди республикэми абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр щыгугъуу кьонэж. Псалъэм папщІэ, а зэманым кьрируубыдэу ди гъэугъэхэм кьыщыхъуа насыпыншагъэ 775-м щыхъу 212-м я гъэщІэр ихьащ, 975-м фэбжь хахащ. Илъэс кІуам елъытауэ, мы гъэм а бжыгъэхэр хэпщІыкІыу зэрынэжьыфэм димыгъэпІейтеныкІэ Іэмал иІэкъым. Аращ комиссэщІэм зыщІедгъэубгъуар, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ районищІэм я Іэтащхьэхэр абы щыхъэдгъэхьар, - жиІащ кьэпсэльам. - Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ куейхэм, Бахъсэн кьаІэ округым кьищынэмыщІа, адрейхэм я гъэугъэм нэщхъеягъэ куэд кьызэрыщхьэр дегъэзгъазэ.

Уянаевым кьыгъуэбыІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и транспорт инфраструктурэм зегъэужьын, ахэр тэмэму зехьа хъун папщІэ къэув кьаІэнэхэм.

КъБР-м и транспортымкІэ и министр **Сунш Ануарбий** зэхьыхьэм щигъэбелджылащ Гъэугъэм щынагъуэншагъэр кьызэрыгъэпэщыныкІэ республикэ комиссэр етІанэгъэ зэрылэжьыну планым проектым и Іуэхугъэ нэхъыщхьэр. Зэгъэзэ хуэжьныгъэхэмрэ щІыгъуэжьыпхъэхэмрэ халъхьэу кьащта нэужь, ар Іыхьыплі зэщхьэщыхьэу ягъэзэщІэнущ. Абыхэм кьызэщІадыдэр федеральнэ, щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэугъэгъэ щІымахуэ пъхьэнэм зехьэнкІэ, гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэхэм щынагъэншагъэр щыгъэпэщыжынкІэ, щІыхуэхэр транспорткІэ бэІутІэІунщІэу кьещэжынымтеухуа программэ зэхэтыр гъэзэщІэнкІэ, гъэугъэм кьыщыхьэ насыпыншагъэхэм фэбжь хэзыхьэм медицинэ дэІэпыкъунгъэ зэрыраГъэкІуэныр, ГЛОНАСС спутник мониторингым и Іэмалхэм хуэкІуэныр, шоферхэр зэрагъэхъэзырым кІэлъыпІтыныр, федеральнэ, щІыналъэ гъэугъэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щегъэкІуэныныр, нэгъуэщІ куэдм.

Республикэм гъэугъэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Дыщэкі Асльэн** кьызэрыхигъэщамкІэ, рулыр зэрыгъэкІэ хабзэм зэремыІаІэм, езы гъэугъэхэм я щытыкІэр зэрымыщІагъэм льэпощхьэпохэр кьашэ. Гъэсэныпхъэ итъыкъуапІэхэм я Іуэхуми ныкъуасаныгъэншэкъым.

Федеральнэ гъэугъэ зыкІэщІыкІ жылагъуэкІэр гъэнэ хуныр етІанэгъэ духынущ. Абы папщІэ Прохладнэрэ Азаурэ, Аруанрэ Уштулурэ зэпызыщІэхэм сом мелуан 257-рэ, муниципальнэ, щІыналъэ гъэугъэхэм мелуан 70-м нэблагъэ хухахащ, апхуэдизу «Льэс зекІуапІэ» программэми делэжьынущ. - жиІащ Дыщэкіым. - Гъэугъгъуэхэм сату зэрыщащІэм шынагъуэ пылъщ. Зыгъэпсэхугъуэ, гуфІэгъуэ махуэхэм ахэр куэду кьоунэху. Псом хуэмыдэжу, Кьубэ-Тэбэ къуажэм блэкІ автомобиль гъэугум декІуэкІыр бэзэр дыдэм хуэзыкІуащ, ар дымыгъэІэпхъуэу хъунукъым. Апхуэдэ жылагъуэ хэм сату щІыпІэ хэр яхупычын хуейуэ унафэ щыІэми, нобэ ирихьэлІэу ар щагъэзэщІар Аруан куэйм и закъуэщ. Мы Іуэхум хэкъуэзауэ делэжьыну кьыштпэщытщ.

Къэпсэльъхаэм ирипІейтеІуэ кьыхуагъэкІуащ, ар зэрыгъэкІуам дахьи, транспор т къэувыІэпІэхэр, уэрам зэхэкІыпІэхэр, зекІуапІэхэр таксим зэрафыдыдар, абыхэм икІэщІыпІэкІэ уеныпІэ хэха кьахуэгъуэтыи зэрыхуейр. Автобус, троллейбус итІыкъэпІэхэм деж щагъэува тыкуэн щыкІыхэр коммуникацэ хэм, хуабэ кІуапІэхэм тетщ. А щыуагъэхэри ягъэзэкІуэжьыну кьапэщытщ.

Я Іуэху еплъыкІэхэр зэІуІэщІэм кьыщаІуэтащ транспортымкІэ министр **Сунш Ануарбий**, абы и кьуэдзэ **Кьудей Арсен,** КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ **Яковец Алексей**, «Федеральнэ гъэугу агентствэм» Щыхьым и дамытэорденым зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ автомобиль гъэугуэхэм я управленэ» къэралІуэ ХущІапІэм и щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **ХьэщІыкІу Юрэ** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Комиссэр пэублэу арэзы тетащ етІанэгъэ теущІыхьа планым и проектым. Ар мы махуэ хэм кьащтэнурэ, абы тету я лэжьыгъэр яунэтІынущ.

АРУАН Алий.

● Шэджэм куей

Къуажэхэр зэІуэзэпэщІыным пащэ

«2013 гъэ щыІэндэ кьуажэм социальнэу зэрызыужьыну» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм и хьэблэщІэм газ кьуапІэр метр мини тІум щІигъум щаукъуэдиящ.

А УХУЭНЫГЪЭМ и япэ чэзум кьыщыгъэсэбэпа сом мелуани 6-рэ мин 900-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІащ. Я хъурея гъэкІэ кьапекІуэжЫу зэхуагъэкІуа бжьамийхэм уэрами 5, псоми зэхэту псэупІэ унэу 200-м нэблагъэ газкІэ кьызэрагъэпэщынущ.

- Хьэблэщ1эм газыр зэрытшэн и фІыгъэкІэ, щІыхуэр нэхъ псынщІэу я лъапсэм Іэпхьуэжьыфынущ, - жеІэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ало Заур.

КъищынэмыщІауэ, а программэм ипкъ иткІэ, Шэджэм ЕтІуанэрэ Хьущтэ-Сыртрэ псы кІуапІэхэр щаухуащ. ЗорызэкІэлъыкІуэм хуэдэу абы сом мелуани 4,3-рэ, мелуани 6,3-рэ хухахащ.

Шэджэм муниципальнэ районым и жылагъуэхэм зэІуэзэпэщ лэжьыгъэхэм щыпащэ.

КІАРЭ Элинэ.

Сурэт гъэщІэгъуэнэр зэрыт

АБХЪАЗ. *Сурэтыщ1, керамикэм елэжь Нанбэ Аслъэн и Іэдакъэщ1экІхэр щызэхуэхьэса «Лы хьэжь нэхьыщхьэр абхъазщ» творческэ альбом Сыхьум къыщыдагъэкІащ.*

ТХЫЛЪ гъэщІэгъуэныр и бжыгъэкІэ 500 хьуэу «Абхазия-Принт» типографием щагъэхьэзыращ. Ар кьыдагъэкІащ Ардзинбэ Заур и мылькукІэ. Аслъэн и Іэдакъэщ1экІхэр Урысей Федерацэм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм кьызэригъэпэщ выставкэхэм 1979 гъэм щыщІэдзауэ щегъэлъагъуэ. Абы и лэжьыгъэхэр УФ-м, СНГ-м, США-м, Израилым, Алыджым прикладной гъуэзджэм щыдихьэххэм я щхьэзакъуэ коллекцэхэм хэльщ.

Хабзэр зэрамыгъэзащІэм къыхокІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъШР-м щыІэм республикэм и Урыс драмэ театрыр зэхуищІыну и мурадщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр МафІэсым зыщыкъумэным теухуауэ щыІэ хабзэр зэрамыгъэзащІэрщ.*

ПЛАНЫМ хэмыхьэу дыгъэгъазэм и 9-м кьэпщытэныгъэхэр щрагъэхІуэкІати, судым театрым и лэжьыгъэр мазэм и 15-кІэ кьыгъэзыІат. Ауэ ныкъуасаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын папщІэ пІалъэ ирата щхьэкІэ, зэманыр икІащ, Іуэхум зыкІи зихъуэжакъым. Иджы мафІэсгъэункІыфІэжм Іуэхущ1апІэр зэхуэщІыным теухуауэ судым зыхуагъэзэнущ. «Драмэмрэ комедиекІэ урыс театр» къэрал Іуэхущ1апІэр 2006 гъэ лъандэрэ МЧС-м и «список фІыщІэм» итщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Илъэсыщ1эр кьоблагъэ

КъБР-м и Президентым и щхьэгъусэм къызэрегъэпэщ

КъБР-м и Президентым и щхьэгъусэ Кьанокъуэ ФатІимэ Муэед и пхъум и нэІэм щІэту **2011 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м сихьэт 11-м** сабий зеинщэхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапІыжу Налшык дэт интернатым псапащІэ зэхьыхьэщкІуэкІынущ.

А махуэ дыдэм**сихьэт 15-м** КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, КъБР-м Пэжыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм республикэм и артист цІэрыІуэгъэ зыхэт концерт жьы хуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапІыжу Налшык дэт интернатым унэм кьыщызэрагъэпэщынущ. Зи ныбжь хэкІуэтахэм илъэсыщІэ тыгъэхэр хуащІынущ.

2012 гъэм щыщыІэм и 3-м сихьэт 11-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щагъэув Пушкин Александр и «Борэн» тхыгъэм кьыгъащІыкІа литературнэ-музыкэ спектаклр (музыкэр Свиридов Георгий ейщ). Ар зыгъэзэщІэнур Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и артистхэ ТыІэщ Маринэрэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал филармонием и симфоние оркестрымрэщ.

Уэрэдхэр тыгъэ хуащІ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм пщыхь гукьинэжь щрагъэкІуэкІащ КъБР-м и кьэрал кІуэщІ дзэхэм кьулыкъу щызыщІэхэм папщІэ. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ ар кьызэрагъэпэщащ Президентым и Аппаратымрэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ.

ПШЫХЬЫР езыгъэкІуэкІа Гумэ Маринэ ди Хэкум и хьэмакІуэ щІалэ хахуэхэм Илъэсыщ1эм узыншагъэ, насып, екьулІэныгъэ кьахуэдэкІуэну ехьэхьэуащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и министр Васильев Сергей кьыбгъэдэкІ хьэузкъу тхыгъэм кьыхэзэхэсахэм кьахуеджащ абы и кьуэдзэ, полицэм и полковник Залиханов Кьанщобий.

- Гупэщ1 ильэсыкІэм екьулІэныгъэфІ ящ1эд кьыз1эрытхъджкІуар, - итщ абы. - Республикэм и кьэрал кІуэщІ дзэхэм я лэжьакІуэхэм я щІэкІэ сынывохьэхьу дызытехьэ ильэсыщІэр блэкІам ефІэкІыну, фи лэжьыгъэкІи фи унагъуэкІи гуфІэгъуэ кьэдз кьыфхуэдизхьыну, фи хьэупсапІэхэр кьывэхьулІэну.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым и управленэм и гупым и унафэщІ Гуськов Александр зэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжкащ республикэр мамыру щыІэныным дэтхэнэми зэфІэкІэрэ кьарууэ иІэр зэрырихьэлІам и фІыгъэкІэ, щІыналъэм щыщІа щытыкІэ щынагъуэр зэпыщІыкІу и пІэм зэрируэзкар.

Гуськ ов Александр концертыр кьызэзыгъэпэщащэм фІыщІэ яхуищІа нэужь, УФ-м и МВД-м Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм щиІэ къэрал кІуэщІ дзэхэм я командованэм кьыбгъэдэкІ «Къэрал кІуэщІ дзэхэр илъэс 200 ирокъу» юбилейнэ медальр яритащ республикэм и дзэ комиссар Харламов Евгений, полицэм и полковник Залиханов Кьанщобий, КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМОН-м и командирым и кьуэдзэ Мэш Мурат сымэ.

Гуськ овым кьызэрыхуриджам тету, зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда я лэжьыгъуэм кьызэхуэсахэр зы дакьикъэкІэ яхуэщІыну.

КъБР-м и кьэрал кІуэщІ дзэхэм кьулыкъу щызыщІэхэм ильэсыщІэм дзэрэжэгъуэ яІэну гуапэу ехьэхьэри, я уэрэдхэмрэ кьафэхэмрэ кьрихьэлІахэм тыгъэ хуащІащ республикэм и уэрэджьІакІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Батыр Мухьэдин, Тамаев Анзор, Бий Асльэн, Иярэ, КьуэщІысокьуэ Роксанэ, ПащІэ Маринэ, Жаникаев Эльдар сымэ, «Кабардинка», «Нал цІыкІу» кьэфакІуэ ансамблхэм, нэгъуэщІхэми.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхыдох



Мэкъушэ Джульеттэрэ абы и гъэсэнхэмрэ.

Лъэпкъ щэнхабзэм и унэтІакІуэ

Дзэлыкъуэ куейм хьыхь Сэрмакъ кьуажэм дэт курыт школ №3-м урысібзэмрэ литературэмрэ ильэс куэд льандэрэ щызоГъэжьа сэ. Анэдэльхубзэм сримылажьэми, ар си анэм, сызыщыщ лъэпкым я бзэщи, фІыуэ сольагъ у. СфІэхьэлэмэтщ икІи сыдеюм зыгъэгъэкІэ кьыдэкІ ди лъэпкъ газетым кьытехуэ тхыгъэхэр. Ар зи Іэпэгъуэ си закъуэкъым, атІэ си гъэсэнхэмэ пщІэ хуащІ. Абы и щыхьэту мы гъэм «Адыгэ псалъэм» и газетым Іэ тедзэщ сэри си классым щІэс сабийхэмри.

«Адыгэ псалъэр» сэбэпышхуэ мэхьу ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гупсысэкІэ яІэу кьэгъэтэджыныкІи. А Іуэхугъэхэм ятеухуа ильэсыщІэм Адыгэ газетым кьытехуэ тхыгъэхэр куэдрэ кьыщызогъэсэбэп класс сыхьэтхэм, класс щІыб гъэкъыІгъэхэм. «Адыгэ псалъэм» и фІыгъэкІэ, ахэр щыгъуазэ худощІыф ди хабзэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, тыдэмри.

Сэри си гъэкъэІуэхэми фІыуэ тІыгъэу ди «Адыгэ псалъэ» газетым, абы и лэжьакІуэхэм кьэблэгъа Ильэсыщ1эмкІэ дыныбохьэуэхьу. Ябыншагъэ фиІэу, льэпкъым и зыужьыныгъэм фыкъуэлажьэу иджыри куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу я.

МЭКЪУШЭ Джульет тэ.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2012 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр и кІэм зэрыныблагъэр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 336-рэ кІэнлейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытетдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЗэхъуэкIыныгъэхэр къытоплъэ

● Депутатым и псалъэ

«Этил спиртыр, фадэ хэкIхэр, спирт зыхэт продукцэр зэращIыр къэралым зэрызэблигъэкIым и Iуэ хукIэ» Федеральнэ законым иджыблагъэ зэхъуэкIныгъэ зыбжанэ халъхьащ. Ахэр зытеухуам тоспэлъыхь Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумкIэ, хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI МАРЬЯШIринэ.

- ЗАКIОНЫМ халъхьа зэхъуэкIныгъэхэр зытеухуар фадэхэкIхэр, пивэр, спирт зыхэт адрей продукцэр зэрызэблагъэкIым хэдгъэкIыпIэ егъэфIэкIуэнырыц. Абыхэм нэхъ тэмэму кIыхьэрагъэпэщ У рысей Федерацэм и сэбэп зыхэлъ Iуэхуэр дэтэхIыныр, этил спиртым, ар-хэту ящI адрей продукцэм я фIагъэр къэIэтыныр. Апхуэдэу дяпэкIи гъэпщкIуэу ящI фадэр нэхъ мащIэ хъуну, Урысейм и бюджетым кIыIэрыхьэ хэ хъуэ щIыгъуну ущыгугъ хъунущ.

ЗэхъуэкIныныгъэхэр зэгъэхьэзыраш Урысей Федерацэм и Президентым, Урысей Федерацэм и Правительствэм кьагъэуба пщэрыльхъэм тету. Абыхэм я лъабжьэщ 2020 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм фадэм и рынкобр зэрыщаунэтIыр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхьэхэр, Урысей Федерацэм и щыхухэр фадэм емырыгъэхьэкъуным хуэунэтIа профилактикэ лэжьыгъэм и концепцэр, фадэмкIэ рынкобр зэблэгъэзэкIныныкIэ УФ-м и Правительствэм и лежь щыIэ комиссэм и зэIущIэхэм кьыщагъэувэарэр.

- Уэ дауэ уепIурэ, Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIныгъэхэр сэбэп хъуну пIэрэ фадэм итхьжьхуэр, псом хуэмыдэу абыхэм ящыщу щIалэгъуалэр, нэхъ мащIэ щыныкIэ?

- Урысей Федерацэм СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым кьызэритыжкIэ, къэралым ис дэтхэнэ зы щыхуэм хуэзэу спирт кьабзэу 2005 гъэм литри 9,31-рэ, 2006 гъэм литри 9,47-рэ, 2007 гъэм литри 9,76-рэ, 2008 гъэм литри 9,6-рэ арафащ. Ауэ мы IэнатIэм кIэлъыплъыныгъэ нэс иджыри эрямыIэр, унагъуэ хэм фадэу куэд зэрящащIыр, гъэпщкIуэу кьыщIа гъэкI аркъэри зэрымымащIэр кьэпльытэмэ, дэтхэнэ зы щыхуэми ильэсым кьриубыдэу ирифыр спирт литр 18 хуэдиз хъунущ.

ФадэхэкIыу ирафыр зэхъуэкIныныгъэшхэу имыIэу екIуэкIмэ, пивэр ящIэр гъэкъэ нэхъыбэ нэхъу. Ар зыубгъуагъэ кьэзыщхэр щIалэгъуалэмрэ фадэхэкIхэр, пивэр, спирту процент 5-м щIигъу зыхэт продукцэр щащIу;

- фадэхэкIхэр, пивэр, спирту проценти 5-м щIигъу зыхэт продукцэр щыIхэмрэ зыхуэфащэ хъуманIэхэр, сату щащI пэщхэр зимыIэ организацэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэм эбгъэлъэныну.

Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIныныгъэхэм ящ ипкъ иткIэ фадэхэкIхэм я щIыпкъ зэрыгъэ лицензэхэр тхьныныкIэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и субъект псомкI щызэхуэдэныр икIи а Iуэхур кьызэргъэпэщыныр Федеральнэ законым кьызэригъэувым хуэдэу.

Апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ дяпэкIэ хуитныныгъэ зэрыратыр лицензэхэр тхьныныкIэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и субъект псомкI щызэхуэдэныр икIи а Iуэхур кьызэргъэпэщыныр Федеральнэ законым кьызэригъэувым хуэдэу.

- ФадэхэкIхэр розницэ сатум зэрыщащэм сыт хуэдэ мардэхэр хуагъэувэр?

- Этил спиртыр, фадэхэкIхэр, спирт зыхэт адрей продукцэр зэращIымрэ зэрызэблагъэкIымкIэ яхь жэуапым нэрылъагъуу хагъэхъуащ икIи дяпэкIэ ар розницэ сатум щызыщIэхэр хуиткым:

- сабий садхэм, еджапIэхэм, медицинэмрэ щэнхабзэмрэ я Iуэхущапэхэм (абыхэм хиубыдэу щыIэ организацэхэмрэ жылагъуэ щхапIэхэмрэ нэмыщI), спорт Iуэхущапэхэм ямызакъуэу, абыхэм кьедза щIынапъэмэ я продукцэр щащIну;

- фадэхэкIхэр, пивэр, спирту проценти 5-м щIигъу зыхэт продукцэр щыIхэмрэ зыхуэфащэ хъуманIэхэр, сату щащI пэщхэр зимыIэ организацэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэм эбгъэлъэныну.

- пивэмрэ ар кьагъэсэбэпурэ спирту проценти 5-м щIигъу зыхэт продукцэу ящIхэмрэ зыхуэфащэ хъуманIэхэр, сату щащI пэщхэр зимыIэ организацэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэм эбгъэлъэныну.

Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIныныгъэхэм ящ ипкъ иткIэ фадэхэкIхэм я щIыпкъ зэрыгъэ лицензэхэр тхьныныкIэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и субъект псомкI щызэхуэдэныр ящIи а Iуэхур кьызэригъэпэщыныр Федеральнэ законым кьызэригъэувым хуэдэу.

Апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ дяпэкIэ хуитныныгъэ зэрыратыр лицензэхэр тхьныныкIэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и субъект псомкI щызэхуэдэныр ящIи а Iуэхур кьызэригъэпэщыныр Федеральнэ законым кьызэригъэувым хуэдэу.

- ФадэхэкIхэр розницэ сатум щызэблигъэкIыныкIэ Федеральнэ законым сыт хуэдэ хуитныныгъэ яритрэ Урысей Федерацэм и субъектхэм?

- ФадэхэкIрэ пивэу ирафыр ягъэмащIэн, щIыхухэр фадэм емыгъэтхъэкъун мурадкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм хуитныныгъэ ират а продукцэр зэращэ щIыкIэмрэ щащэ щIыпIэхэмрэ я IыныкъуэкIэ нэгъэущI мардэхэри ягъэувыну, уеблэмэ фадэхэкIхэр ирамыгъэщэхэну.

А хуитныныгъэ кьигъэсэбэпри, Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым и жэрдэмкIэ республикэм и Парламентым 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м я пэкьеджэгъуэу кьищтащ «ФадэхэкIхэр розницэ сатум зэрыщащэр къэралым зэрызэблигъэкIым и Iуэ хукIэ» республикэ законым и проектыр. Абы ипкъ иткIэ фадэхэкIхэр сыхьэ тыр 22.00-м щегъэжьауэ сыхьэти 10.00-м нэсыху ящэну хуиткым (федеральнэ законодательствэм кьигъэув Iуэ хухэм нэмыщI), апхуэдэу фадэхэкIхэр щащэ хъуну щыпIэхэм яхуэгъэза нэгъэущI мардэхэри егъэув. Мы зак онопроектми щыубзыхуащ фадэхэкIхэр цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм, шыпкъгъуэм и хэкIыпIэхэр здэщыI э щыпIэхэм, абыхэм кьедза щIынапъэхэм щащэ зэрымыхъунур. Апхуэдэ щыпIэхэр муниципальнэ щIынапъэ хэм щащIу щыпIэхэм зыгъубзыхуащ.

Псалъэм кьыдэкIуэу жытIэнщи, япэкIэ У рысей Федерацэм и субъектхэм унафэ зытращIыхьыну хуиту щытар этил спиртру процент 15-м щIимыгъу зыхэт продукцэрщ.

- Республикэм ахуэгъэза апхуэдэ мардэхэр къагъэсэбэпу щыхуежьэнур сытым щыгъуэ?

- Апхуэдэ мардэхэр щыубзыхуа законопроектыр кIэухэу дызэрыт мазэм хэтэтщэну ди мурадщ. Абы къару игъуэтынущ 2012 гъэм мазаем и 1-м щыщIэдзауэ.

- «Этил спиртыр, фадэхэкIхэр, спирт зыхэт продукцэр зэращIыр къэралым зэрызэблигъэкIым и Iуэ хукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ фадэхэкIхэр, пивэр, спирт зыхэт продукцэр зищIысыр кьыхэзыгурыIуэн хуейми зэ хъуэкIныныгъэ игъуэтащ. Атlэ а псори сыт хуэдэ зэманым щегъэжьауэ кьагъэсэбэпу щIадзэну?

- Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIныныгъэхэм ящ ипкъ иткIэ фадэ хэкIыу кьалъытэ этил спиртыр кьагъэсэбэпу е кьамыгъэсэбэпу гъавэхэкIхэм кьыхащIыкIа продукцэ хьэзыру этил спирт процент 0,5-рэ зыхэтыр. ФадэхэкIхэм хэхьэ аркъэр, шагъыбыр, пхъащхьэмыщхьэ шагъыбыр, ликер шагъыбыр, шагъыр фадэ зэмылIэужьыгъуэ хэр, пивэр, пивэр кьагъэсэбэпурэ ящIа продукцэрэ фадэу зэрыщытыр яубзыхуащ.

А зэхъуэкIныныгъэ псоми кьару щагъэзытнущ 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэщ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапэм и унафэщI.

Марьяш Иринэ

● ГукъэкIыжхэр

Сигу зэи ихунукъым си ныбжьэгъу пэжыр

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и пашэу зэман кIыхькIэ щыта КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр къызэрытхэмытыжрэ ильэс зыбжанэ мэхъу. Зэ нэхъ мыхьуми КIуэкIуэр зыльэгъуам куэдрэ и нэгу щIэту абы и Iэпкьлъапкъ уардэр, и нэгу зэIухар, и макъ лъахъшэ гъуэмыр, апхуэдизу ар гум кьиныгъ. Сэ Валерэ сиф кьызэрыкIыжкIр цIыху губзыгъуэщ, Iущущ, акъылыфIэущ, дапщэщи къыбдэIэпыкъуну, чэнджащ щхьэпэ къутыну щхьэзыр ныбжьэгъу пэжущ. Лъэпкъым и къуэ тхьэ икIи къэрал лэжьакIуэ Iэзэт КIуэкIуэ Валерэ. Абы лъэжI кьигъэнакъым щалъхуа и республикэм, къуэщ щIынапъэ хэм. Урысей Федерацэм я зыуэзыныгъэм папщIэ.

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля и дзэлъку нэхъыщIэ Борис сигъэщIыхуауэ щытащ КIуэкIуэр. Абы и пэкIи сэ сыщыгъуазэт Валерэ усыгъэр фIыуэ зылъагъу, си кьалэмыпэм кьыпыкIыкI тхыгъэхэм дихьэхьу абы я кьыдэкIыгъуэхэм пэпплъ цIыхуу зэрыщытым. Иджыри кьыздэсым Зумакуловым фIыщIэ хузощI апхуэдэ цIыху тельыджэ зэрызигъцIыхуам папщIэ.

КIуэкIуэ сэрэ занщIэу ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ, зэхущытыкIэ хуаби ди зэхуаку кьыдэхьуащ. МыхьэмытIэу дэ дыщызэхуэзащ Налшыки, Мейкьуапи, Москвай. Дапщэщи згъэщагъуэрэ ар урысыбзэми адыгэбзэми зэхуэдэу зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, псальэм и кьарур зыхищIу. Валерэ сэ нэхърэ нэхъыщIэт, ауэ, пэжыр жысIэнщи, Iуэхугъуэ куэдымкIэ ар щапхъэ с хуэхъуэт. Дапщэщи пщIэ хуэсщынт абы и гупсысэкIэ куум, литературэм хуиIэ щытыкIэм, адыгэ хабзэм темыплъэкъукIыу зэрытетым, цIыхугъэ лъагэ зэрыхэлъым. Си тхьилъэм кьеджа нэужь, КIуэкIуэм къызжиIэрт: «Уи Iэдакъэщ кIэкIэр хуабжьу сэбэпщ цIыхум и лъэпкь гупсысэм зегъэужьынымкIэ. Захуагъэщ адыгэм и тхьдэ гъуэгуанэ хьэльэмрэ абы и щхьэм кьрикIуэ насыпыншагъэмрэ, нобэрей гъащIэмрэ абы кьигъэуIэ Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэхыплъхъэм и чэнджэщрэ уи тхыгъэхэм кьызэрыхэбгъэщыр».

1991 гъэм сэ кьыслъагъэфэщащ СССР-м и Къэрал саугъэтыр. Дауи, а Iуэхугъуэм си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт, арщхьэкIэ ох ужыIэнукъым гуфIэгъуэшхуэм сызэщIатаущ щытауи кьеджа нэужь, КIуэкIуэм къызжиIэрт: «Уи IэдакъэщкIэхэр хуабжьу сэбэпщ цIыхум и лъэпкь гупсысэм зегъэужьынымкIэ. Захуагъэщ адыгэм и тхьдэ гъуэгуанэ хьэльэмрэ абы и щхьэм кьрикIуэ насыпыншагъэмрэ, нобэрей гъащIэмрэ абы кьигъэуIэ Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэхыплъхъэм и чэнджэщрэ уи тхыгъэхэм кьызэрыхэбгъэщыр».

- Си жьылым иль медалыр кьинха нэужь, КIуэкIуэм ар кьыслIихащ икIи иригушхуэу иригъэльэгъуащ кьыдыщыс и ныбжьэгъуэхэр Дагъыстаным и Къэрал Советым и тхьэмадэ Магамедовым и медовымрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Хубиевымрэ.

- Узынщагъэрэ насыпрэ уиIэну, дамыгъэ нэхъ лъагэхэмкIэ иджыри уи щIэрялэтыну сынокъу эхъу, пщIэ зыхуэжщI си кьуэш, - жиIащ Валерэ. - УяркIэ адыгэр эр догушхуэ!

Псалъэ гуапэхэр абы щыгъуэ кьызжалауэ щытащ Магомедовми, Хубиевыми, Виолеттти. Апхуэдэу абы - зэхъуэкIныныгъэхэм я лъэхъэнэти, зэманыр гугъут. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату сыщыту, сэри псэкIэ зыхэсщIэрт, си нэгу щIэкIырт къэралым щыщыIэ щытыкIэр. КIуэкIуэныныгъэхэм я лъэхъэнэти, зэманыр гугъут. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату сыщыту, сэри псэкIэ зыхэсщIэрт, си нэгу щIэкIырт къэралым щыщыIэ щытыкIэр. КIуэкIуэныныгъэхэм я лъэхъэнэти, зэманыр гугъуэ. ЩыпхьэщхьэхуэкIуэу хьэщIэщым секIуэлIэжауэ, телевизорым кьитту зэхэсхащ литературэмкIэ саугъэт зратахэм я цIэунэцIэхэр: Астафьев Виктор, Оюджавэ Булат, Мэшбашъэ Исхьэкъ. Дикторым пэжу жиIэфатэкьым си унэцIэр - мыурыс лъэпкъым щыщ лауреатым и цIэ-унэцIэр тэмэму зэрыжимыIэфар сигу езгъэжэлIакъым. Абдежьм къэпсэльащ си щхьэгъусэ Сэчынат икIи кьызэхъуэхъуащ.

Гъэгу сыIэувэжьи мурадыр сиIэу, етIу анэ маухуэм Внуковэ аэропортым сыкIуат. Абы и депутат пэшым сыщIыхьауэ, зыгуэр кьызэджащ. СызэплъэкIри - КIуэкIуэгу гуфIэжу кьысхуэкIуэрт.

- Си щхьэгъуэ Виолеттэрэ сэрэ дыгъуэпшыхь лъандэрэ укьыдолъхьауэ си ехъулIэныгъэ лъагэм щхьэкIэ дынохъуэхъну, - жиIэурэ и ныбжьэгъуэхэр зыпэрыс Iэнэм сыбгъэдэкIащ Валерэ. - Зэвгъэщхьу: мыр адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Мэшбашъэ Исхьэкъщ. Дыгъуасэ абы кьратащ СССР-м и Къэрал саугъэтыр. Дэнэ щыIэ-тIэ уи лауреат медалыр? Дыгъэпагъ ут

Си жьылым иль медалыр кьинха нэужь, КIуэкIуэм ар кьыслIихащ икIи иригушхуэу иригъэльэгъуащ кьыдыщыс и ныбжьэгъуэхэр Дагъыстаным и Къэрал Советым и тхьэмадэ Магамедовым и медовымрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Хубиевымрэ.

- Узынщагъэрэ насыпрэ уиIэну, дамыгъэ нэхъ лъагэхэмкIэ иджыри уи щIэрялэтыну сынокъу эхъу, пщIэ зыхуэжщI си кьуэш, - жиIащ Валерэ. - УяркIэ адыгэр эр догушхуэ!

Псалъэ гуапэхэр абы щыгъуэ кьызжалауэ щытащ КIуэкIуэр. Абы и щхьэм щыIэ щытыкIэр, си нэгу щIэкIырт къэралым щыщыIэ щытыкIэр. Апхуэдизу ар гум кьиныгъ. Сэ Валерэ сиф кьызэрыкIыжкIр цIыху губзыгъуэщ, Iущущ, акъылыфIэущ, дапщэщи къыбдэIэпыкъуну, чэнджащ щхьэпэ къутыну щхьэзыр ныбжьэгъу пэжущ. Лъэпкъым и къуэ тхьэ икIи къэрал лэжьакIуэ Iэзэт КIуэкIуэ Валерэ. Абы лъэжI кьигъэнакъым щалъхуа и республикэм, къуэщ щIынапъэ хэм. Урысей Федерацэм я зыуэзыныгъэм папщIэ.



КIуэкIуэ Валерэ *(1941-2005 гъэ.)*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм
Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъуэм и 7-м *№369-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №46-УП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм теухуа Положениэу мы Унафэм щыIэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и аппаратым щылажьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу 58-рэ, абыхэм я кьулыкъуэм пкIуэ мазэ лэжьапщIэ фондыр аппаратым и кьалэнхэр игъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкI ахьшэу сом мин 276,17-рэ хьуэу гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэр хуит щIын министрым и къуэдзэу щы, цIыху 17 зыхэт коллегие иIэну.

4. Къару имыIэжу кьэлытэн «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм УхуэныгъэмкIэ, архитектурэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и IуэхукIэ» 2011 гъэм гъатхэпэм и 10-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIау нафэ №66-ПП-м.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и
Архив къулыкъущIапIэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъуэм и 7-м *№370-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №46-УП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм теухуа Положениэу мы унафэм щыIэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и аппаратым щылажьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу 52-рэ, абыхэм я кьулыкъуэм пкIуэ мазэ лэжьапщIэ фондыр аппаратым и кьалэнхэр игъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкI ахьшэу сом мин 249,858-рэ хьуэу гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр хуит щIын унафэщIым и кьуэдзэу тIу, цIыхун 9 зыхэт коллегие иIэну.

4. Къару ямыIэжу кьэлытэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэу мы кьыкIэлъыкIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и IуэхукIэ» №247-ПП-м щIэту 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м кьаштам;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м кьыдигъэкIа унафэ №247-ПП-мкIэ кьаштам, зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» №36-ПП-м щIэту 2009 гъэм мазаем и 20-м кьаштам;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м кьыдигъэкIа Унафэ №247-ПП-м зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» №98-ПП-м щIэту 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м кьаштам.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгуэхьнигъэхэм я IуэхуэхмкIэ и къэрал комитетым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъуэм и 7-м *№378-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я зэхэлъыкIэм и IуэхукIэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №46-УП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгуэхьнигъэхэм я Iуэхуэхмкъ и къэрал комитетым теухуауэ Положениэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м кьаштам.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Яп рангым и капитан Сокъур Башир*(я кум дэтыр щI)* зауэм и ветеранхэм яхуэзащ. *1997 гъэ, дыгъэгъазэм и 27.*

Сирием кьикIа хьэщIэхэр - Бидэнокъуэ Аднанрэ Къумыкъу Мамдухьрэ - тхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщ *(я кум дэсыр щI)* Шэджэм ауэым щегъэхьэщIэ. *1981 гъэ, бадзэуэгъуэм и 18*

● Аруан куей

«Хабзэм и лIыхъыжьхэр»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту районпсо зэIущIэ щекIуэкIащ. Къэхъун дэт курыт еджапIэ №2-м. КъыдэкIуэтей щIэбзаэм гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэным, нобэ цIыхубэр зытэпIейтей щIэпхъаджагъэхэм ахэр щыхъумэным теухуауэ къыхадэхьа жэрдэмыр къыдалыгащ Аруан куейм и полицэм балигъ мыхъуахэм я IуэхуэкмкIэ, район администрацэм опекэмкIэ я къудамэхэм.

«СТIОЛ хъурей» щапхъэм итуирагъэкIуэкIа зэхыхьэм хэтащ егъэджакIуэхэр, класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр, зи гугъу тщIа къудамэм и лIыкIуэхэр.

Дерс купщIафIэхэмкIэ гъэнщIа апхуэдэ зэпсэльэныгъэхэм хыхьэу я махуэм екIуэкIащ спорт зэхьэзэхуэри. Абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Къэхъун, Псынабэ, Псыкуэд дэт еджапIэхэм я гъэсэнхэм. Мы зэманым ныбжьыщIэ куэд дэзышэх фадэм, афияным, щIэпхъаджагъэхэм зэпщIэтыным кьыхуеизыджэ зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щаубыдащ Къэхъун дэт курыт еджапIэ №2-м и спортсмен ныбжьыщIэхэм.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэр Аруан районым и адрей жылагъуэхэмри щызэхэтынущ. Абыхэм пашэныгъэр щызыубыдахэр ирагъэблэгъэнщ Налшык щрагъэкIуэкIыну кIэух республикэпсо зэхьэзэхуэм.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Адыгэм папщIэ самыгъэпсэумэ, адыгэм папщIэ сылIэнщ 70

УсакIуэм и гъуэгу

ЗАКЪУЭТIАКЪУЭ гуэрхэм фIэкIа къахуэмылIагъуну, Къурмэн езым и хуэрэ телъыдэжь тесыжт. Ар Тхъэлуэ и къыдэрэхуэупса зэчийрати, усэ тхэныжкIэ и Iэпэгъут, адыгэ здэщыIэ, адыгэбзэ къыщыIу къэрал, хэгъуэгу псоми нихьсу.

Дыгъужь Къурмэн Бахъсит и къуэр 1941 гъэм мэкъуаугъэсым и 13-м КъШР-м и Къэрэшей районым хыхьэ Хъумэрэ къуажэм (Абыхъхьэблэ) кыщалъхуащ. Илъэсибл еджапIэм кыиуха ноужь, щIалэщIэр илъэситIкIэ Iэщыкъуэхэм яхэтащ. Щэч хэлъкъым, зэрыта къыщухьэху хъупIэм, мэз инхэм, къурш уэсылъэхэм кьыдалъхуа усэбзэр кьызэрагъэушам. И щхьэщыгумкIэ щхьэпрыльэтыкI кьру гупращ и япэ усэм пьабжьэ хуэхъугъэр.

1958 гъэм къуажэ колхозым и унафэщIым Къурмэн Черкесск игъэкIуащ, ухуакIуэ училищэм щеджэну. Кьеурхи, я жьлэм кьеГъэззэж, блын зэтрилъхьэу, штукатур ищIу лэжьэн щIедзэ. МахуэкIэ лажьэмэ, пщыхьэщхьэкIэ еджэурэ курыт еджапIэрэ кьеуэ. А зэманым Дыгъужьым и япэрей усэхэр «Черкес пэж» газетым кьотехуэ, радиокIэ ЧкъТ. Еджа, едэIуа куэдым ягу ирихьат абы и Iэдакъэщкlэкlэр.

1960 - 1963 гъэхэм абы дзэм кьулыкъу щецIэ. Тхэным гу хуэзыщIа щIалэр абы кьыщIадзкI «На рубеже» газетым и корреспондент мэхъу, и усэхэр Iрадзэ.

Зэман дэкIа иужь, псэупIэ кьезымыт усэхэм ирашажьэри, и лъагъуэр Москва Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэр институтым 1965 гъэм нос. Илъэситхкlэ щеджэри щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэу кьеГъэзэжри, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щолажьэ: «Ленин нур» газетым, радиом, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, тхыльэ щащэ тыкуэнышхуэм.

Дыгъужьым и тхылъхэр дунейм кьытехьащ, иужьрейр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащэр зэрытырщ («Журавли»).

И кьарэ илъагъуэрэ и тхакIуэ лэжьыгъэм зригъэубгъэн щIидза къудейуэ, Дыгъужь Къурмэн 1984 гъэм дунейм ехьжащ.



Дыгъужь Къурмэн *(1941 - 1984 гъ.)*

Кьэбзрей-шэрджэс литературэм льэужьыфI кьыхэзынахэм ящыщщ Дыгъужь Къурмэн (1941 - 1984). Ар кьыщалъхуащ Хъумэрэм (Абыхъхьэблэ) щэрджэс къуажэм, Псыжь (Кубань) Iуфэм Iусым. Къэрэшей-Щэрджэс псыр зыхилъхьэ щымыIэу фIы дыдэу илъагъуу щытащ. Абы и образыр и усэхэм зыубгъуауэ хэтщ, уеблэмэ и япэ тхылъым «Псыжь и толькъунхэр» щIыфIищари араш.

Псыжь и макъамэ

Куэд дыдэ схужыIэнут а щIыхуэ дахэм, гу кьабзэм, ныбжьыгъуфIым теухуауэ, ауэ нэхъ сфIэигъэщи и Iэдакъэщ-Iэм сытепсальэхьмэ, Дыгъужь Къурмэн кьытхуигъэнащ поэмэ, повесть («Тех»щIэ»), роман («Бжьыхьэ псыдзэ»), очерк, рассказ хьэлэмэтхэр. Абыхьэм ящыщ гуэрхэри еджапIэм и программэм нобж хагъэхьэ. Ауэ Къурмэн тхэн кьыщIэщIидзари и гъащIэ псом гъуэгу гъуэмылIэу иIари усэхэрщ. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ иту тхылъ щхьэхуэхэр кьыдригъэжIащ Къурмэн - «Псыжь и толькъунхэр», «Тхьэрыкъуэхэм я кьафэ», «Журавли» (урысыбзэкIэ). Дыгъужьым и усыгъэхэр щIэх-щIэхьыурэ кьытрадзэу щытащ газетхэм, журналхэм, тхакIуэхэм зэхуэхьэсыжьхэр. АбыхьадгъэкI тхылъхэм.

Дыгъужь Къурмэн яхэтащ хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм япэу запызыщIахэм. Хэхэс гъащIэм теухуауэ абы итхащ усэ зыбжанэ: «Быракум щыгъуэ тыгъэм и гупсысэхэр», «Тенджизь Фыщэр», «Сыфлъыхуэщ», нэгъуэщIхэри. Ди лъэпкъэгъу хэж хэм яхуэгъэрт, я гур кьиIэтырт. Адыгэ лъэпкъ гупсысэр, хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр пхроКI Дыгъужь Къурмэн и Iуэжь псомк. Сатырипл1 фIэкIа мыхьу и усэм абы кьыщIэгъэзыгъуащ образ хъарзынэ: адыгэм и жьыр нэхъ ину кьыщIихумэ, езым и «мафIэр нэхъри гуащIэу зэщIыгъэнущ», адыгэм папщIэ ямыгъэпсэунэ, «адыгэм папщIэ зигъэлIэнщ». Адыгэ лъэпкъым теухуауэ итхахэм я мызакъуэу, Къурмэн еш имыщIэу телэжьащ дунейм тепхьа ди лъэпкъыр зэщIэкъуэмкIэ, зы гупсысэм зэхуэдэу щытIным, Араш Дыгъужьым и Iэдакъэщкlэ Адыгэйми, Къэбэрдейми, Тырными, Абхъазэми, Иорданиеми кьыщыщIэуупщIэу, езыми сэлам гуапэ кьыхуагъэхьу дунейм щытетар.

Нэхъыкьхъэм ящIэж совет зэманым тхакIуэхэм цIыху лэжьакIуэм нэхъ гулыытэ хуащIын хуейуэ партым кьыззригъэувыщытар, уеблэмэ «план кьытраларазэ» и кьытIыпэ хъунут.

«Производственная тема» зыбфIащмкIэ (нобэ тхакIуэхэм ящыгъупщэжащ а темэр, цIыхур лэжьэн зэрыхуейр телевизорым кьитхэмэ хэтыжьыхэр-кьым, я зэш трагьэуэн закъуэ щхьэкIэ дунейм кьытехьауэ куэдым яфIощI). Дунейпсо литературэм ухэпльэмэ, усакIуэ, тхакIуэ куэд псэуащ зытетхыхь темэр фIещхъуныгъэ хэлъу кьагъэльэгъуэн щхьэкIэ IэщIагъэ гугъуэхэм зыхуагъасэу. Зоиля Эмиль, псальэм папщIэ, фламыщI кьыщIэзыхьхэм ятеухуа роман итхыным и пэ шахтэхэм зыщэ-мыгIэу щIыхьащ, Ибсен Генрик лэжьапIэ зыбжанэ ихьуэжащ. Апхуэдэт Гурбий Максим.

ЗыкьомкIэ абыхьэм ещхьт Дыгъужь Къурмэн. Курыт еджапIэр кьимыуХ щыкIэ мэлыхьуэу илъэситIкIэ лэжьащ, балигъ хьуэ нужьыгъ, блынэзтепльхьэу, штукатурщикыу щытащ. Москва Литературэ институтыр кьыщIухри, «джанэ кьабзэхэм» ярихэтыну кьулыкъу зыбжанэ иIащ: «Ленин нур» газетым и корреспондент, радиом, ТкакIуэхэм я союзым и кьулыкъущIэу, тхыльэ щащэ тыкуэн нэхъ ин дыдэу Черкесск дэтым и унафэщIу щытащ, ауэ Къурмэн а псор Iэщыбгъ ищIри, Химзаводым и хьэлэ-зэхьэу илъэс куэдкIэ лэжьащ, цIыху кьызэрыгъэкIэ эм фIыуэ кьалъагъуу, пщIэнтIэрэсым и уасэр ищIэ у. А псор сэбэп кьыщIыхуэхьащ и творчествэм, езы Къурмэн и хэзгI, и тхэжIь, и дамыгъэ эрирагъэпэщыжыныжкIэ. ТхакIуэм и поэмэхэр, повестыр, романыр зэриухуэм фIэщхъуныгъэ хэлъщ, сыту жыпIэмэ авторым гъащIэр зищIысыр зэрыгъэ игъ-ваши, ар зэрпщIэр хьыбарIэ-кьым, атIэ и нэкIэ ильэгъуахэмкIэщ, и псэмкIэ зыхищIахэмкIэщ.

Къэтщтэнщ Къурмэн и «Iэсхьэд и кьафэ» поэмэр. Iуэхур щекIуэжьщ бззэрыщ, зауэм и пэ зэманщ. Бззэрым темыльтыщIрэкьым. «Ей, мамырыгър анэ бгъафэщ, абы дэтхэнэ цIыхурэ хуеиIщ», - жеIэ усакIуэм. Поэмэм кьыщыIэта гупсысэхэр кьызыIуэтэж лIыхъужьмэ бззэрыр кьызэхекIуэ, абы зэхех адыгэ пшынальэ дахэм и макъамэ:

Макъамэр пфIощI
бззэрым щIнф,
Зэми жьэракьэу хьэуа
бамIэм
Жьы щIыIэтыIэу ар
кьыщIиху.

ЦIыху мнихэм сэ
сакIуэдрокI,
Iэсхьэд и кьафэр пшынэм
кьокI.

Сюжетыр пыщIащ Iэсхьэдрэ абы и щхьэгъуэ Мардиерэ. Iэсхьэд зэкIуэкIащ гупыкъ я пашэ, ауэ Мардиер зыгъэгъуэнщ, зы-гъэпсэхугъуэм дежи цIыхухэм кьахощ и кьэрэкIэ дахэмкIэ. Мардиер пшынауэ Iэззщ. Дыгъужь Къурмэн а зэманыр кьеГъэльэгъ ужь фIэщхъуныгъэ хэлъу, цIыхухэр лэжьакIуэ кIуэхэрт у эрэд жаIэу, апхуэдэу ди кьуажэм кьыдыкъэ жьыт. Мардиер и пшынэм гугъу ехьахэм «псэщIэ кьахилхьхьэжыт», «фызэмы гущ щIауэткIэрт, пшынальэм техуэу». ГъащIэ дахэм и теплъэр зы махуэ гуэрым екьутэ шум кьихьа хьыбарым. Шым и лькьуэм ищI макъыр «автомат уэкIэм ещхьт», цыблэм хуэдэт кьихьа хьыбарри: «Заур». Iэсхьэд зауэм хэмIуащ. Илъэс-гъэ макIуэ, Мардиер кьыхуэнэр «Iэсхьэд и кьафэрщ».

Зы махуэ гуэрым зи цхъэр тхъуа, зи ныбжьыр хэкIуэта фызабэм пшынэр бззэрым ехь, абы щегъэбззэрбзэ. Пшынэм и уасэм Iэджи кьыщIоупщIэ, япхъуэтэну хьэзыщ, ауэ ищэркьым. КьыщIэупщIэхэр пшынэм зэреуэм кIэлъопль, «Пшынэм уасэ иIэжьым, ар гъащIэ пэлъыгъщ, мы пшынальэр еIуу кьиэзыгъэкIым тыгъэ хуэщIынущ», - жяреI. Зы хьыджэбз цIыкIу и адэшхуэр и гъуэсу кьыIуохьэри, «Iэсхьэд и кьафэр» Iэзэ дыдэу ябгъэкI. Мардие хуэгъафIэрэ, пшынэр Абы ирет, Iэсхьэд зыужьыкIэ ирегъэкI, зы Iэсхьэд хуиIа лъагъуныгъэм я фэепльу, мы псальэхэрэм щегъу:

Си пщащэ цIыкIу,
ящжи мы пшынэр,
Уи джэгу хьыхьэгъу эщIи,
ууейщ,
Мы къафэм ТекIуэныгъэ
ныр
ИрибгъэльапIэу тет дунейм.

Поэмэм и кIэухым философие кьыззрыкI гупсыси щIэльщ: лъагъуныгъэр щIэбгъ кьэс зэIэпах, зи насыпI кьэкIуэгъуэхэм кьыхуагъанэ гурыщIэ дахэщ, цIыхубэ мылькущ. Мы поэмэми, «Нэгъуей щыхьэхэр» поэмэми, и усэхэми Дыгъужь Къурмэн кьыщигъэсэбэпащ эпитет щIэщыгъуэхэр, зэгъэщIэныгъэ зэрыуэхэр, метафор-гу гукъинэжхэр. И прозэми и усэхэми псальэ кьыщигъэсэбэпхэм я куэдагъым гу лъымытэу кьанэрэкъым. Бзэм елэжьхэм кьыщагъуэтынущ адыгэбзэм и жьыкIэ гъэщIагъэ-гъэ Iэджи. Псом хуэмыдэу пейзажыр кьигъэльэгъэным хуэIэзэрт Къурмэн. «Сопльэ куурщымкIэ» усэм щыщ сатыр зыбжанэ хэхтхьынщ:

Къуршыжь бэмпIахэм ягу
хэхьэунущ,
Уэшх щыIэтIэжкIэ
затхьэщIынущ.
Нэхьыжь-нэхьыщIэжIэщ
хабзэр,
НапэIэльэщI пшэ хужьыр
бгым
НыззIэпахьуэр кьабзабззэу
Уэшхым и ужькIэ
зальэщIынущ.

Адэкlэ «жьыгъэр уэшх ткIуэпскIэ» (гуфIэгъуэ нэпскIэ кьыригъэкIыу) зыр адрейм хуэгугуфIэнущ, «Псыкьелъэ иныр зи жьакIэхуу, Бгы дадэр псы-хьуэм кьыдэплъэнуущ». Мы дуней тхъэжьигъуэм «пащIэIуэнтIэу» хуегъэувыжьи и кьуажэ Хъумэрэныр, «Тхьэм и гуфIакIэм дэсым ещхьу» а псыхъуэр зыгъэдахэр.

Къурмэн, ищхьэкIэ, зэрыжысIащи, Псыжь и образэр гуэхыпIэ имыIэу хиухуэнащ итха псоми, а псым «нэхъыжьыпIэр» хуагъэфащэ Инжьыджитlми, Уарпи, Лаби, абы йоджэ «ди Псыжь-гъ уэмылэжькIэ». У сакIуэхэм Псыжь «Iэ кьыхуеIу» и Iуэхуитхэмкlэ, Псыжь и образыр хэтщ Дыгъужь Къурмэн уэсэт пIэльытэу итха «Лъэлуми». УсакIуэм жеIэ «зы мажи пщIэнзыгъэ зэриимыгъакIуэр», «лжьыгъэр псом япэ зэрыригъэщар», «лъэпкъым и адыгагъэр дэни щигъэльапIэу кьыззэрекIуэкIар, и кьару зэрыщымыхсыар» (нэгъуэщI Iуэху илэжьакъэр кьребжьэкI). Цыху псоми яIэщI пIалъэ, бгыжьхэм тес жьындыр кьеджэмэ, зы лъэIукIэ кьанэхэм зыкьытхуегъаз:

Уэ сынолъэIу : кьуажэм и
нэхулъэм
Щыщ тIэкIуэкI си
хьэдащхьэрн гъэпскIыж,
Хьумэрэныжь и уафэм ит
пшэ хужьхэм
Си Iеи си фIи зыми
жремыIэ,
Ефэнды гуэрн тхьэ
схуремыльэIу,
Си кхьаблэр зыхьхэр тIэкIу
фыьэтеувыIн,
Сэ си хьэтыркIэ
Псыжь уэр фыщIэдэIу.

Псыжь и макъым и мызакъэуу, ди щIэблэр щIэдэIун хуейщ Дыгъужь Къурмэн и усэхэм щIэль макъамэм, дерс кьыхахьн хуейщ и гупсысэхэм, и кэкур, и лъэпкыр фIы дыдэу илъагъуу зэрыщытам, адыгагъэр дэни щигъэльапIэу зи гъащIэр зыхьа усакIуэм дэпльеин хуейщ.

БАКIУУ Хьанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор,
ЩIДАА-м и академик.

Лъэ быдэ

Лъэпкъ Iуэху хуэамэ, дэни нэс, сытми гу лъызытэ «Адыгэ псалъэм» сыщIыхьауэ редактор нэхъыщхьэм зыкъыхсуеГъаз:

- Дыгъужь Къурмэн пцIыхуу щыта, Сэфарбий?

ГурыщхъуэщIу щыхэоплъ: щыта, щымыта сэ Дыгъужь Къурмэн сцIыхуу?..

Зи гуэру ищIыр Щэрджэсым щыщ, адыгэ лъэпкъ литературэм зи тхыгъэфIэкIэ кьыхэна усакIуэ, тхакIуэ Дыгъужь Къурмэт. Сэ ар 1962 гъэ лъандэрэ си ныбжьэгъут.

ТхакIуэ, усакIуэхэр зэIурыуткIапщIэу, зэхуэфэрыщIу зэпымыIуэ щымытми, сыт щыгъуи зэхуэгумащIэщ. Псом хуэмыдэу я гум щагъафIэ яIэщIэкIахэр.

ИгъащIэм Мэкъуу сыдэмыхьауэ, мафIэгум сыкьыщIуувыкIым, «Сом нык1уэ кьыдэт, кьхьыIэ, тхурикъуркъым», - жаIэри мыщIыхуу щIалитI кьызбгъэдэхутащ.

Сэ кьысфIэщIащ мы кьалэм цIыхуу дэсыр апхуэдэу лъаIуэу, факьырэ зэщIыгъэ Iуэхуитхэм.

СыздэкIуэну Литературэ институтым и общественным пшагъэр зэхэуауэ сынэсу бжэIуэм сыщыIухьэм, зы чэф кьыстёкIуэрие пэтащ. Сэ ясхьисфIощIащ мы унэм щIэс студенту хъуар, я егъэджакIуэхэри кьадэкIуэу, апхуэдэу чэфу.

СызыщIэсыну сохуаха общежитт пэшым и бжэр Iуэхуу сыщыщIэбакъуэм, зы щIалэ кьэслъэгъуащ и нэкIум фIэкIа кьыщIэмыщу плащ тIэкIум кIуэцIыщыхьауэ гъуэлъапIэм итIу. Уэздыгъэр щыщIэзэ Iаным, и нэхэр щIиуэкъуанцIэу кьаплъэри, сандIэуи кьызэупщIащ:

- Уэ усакIуэ хьэмэрэ упрозаик?

Сэ кьыщыхуащ усакIуэрэ тхакIуэрэ фIэкIа дунейм цIыху темыту абы кьыфIэщIу.

- Уэ сотх, - жызоIэ.

ЩIалэм и псэр кьыхуохьэ:

- НтIэ, абы щыгъуэ кьэдаIуэ мыдэ, - жиIэщ абы, кьриГъажьэр жэщ псом уфыщIэ имыIэу уэ схьэусыхэжащ. Нэху щыху!

Зи плащым кьыщIэнщыжа абы и закъуэтэкъым усэм и жэщ кьызащIэкIам кьрихьэлIар - унэ псор кьызэхуэсат.

Мис а кьызэхуэсахэм, Мэкъуу Горькэм и цIкIэ щыIэ Литературэ институтым и студентхэм, яхэтт щэрджэс щIалэ Дыгъужь Къурмэни. Адыгэ, адыгэ дыдэт ар. И псалъэкIи, и Iуэхуки, и дуней тегьIэкIи. АпхуэдизкIэ адыгэти, абы уздеплъымк, уздедаIуэм кьыпфIэщIыпрт адыгэ фIэкIа дуней псом нэгъуэщI Iуэхуитхэр. Ауэ щыхуэкIи, Къурмэн нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ, абыхэм негр нэгъунэ яхэтыжу, Мэзкуу куэд щиIэт фIыуэ ильагъуу, езыри кьальагъуэку.

- Япэу укьызрихьэлIа щIалэр, плащым щIэуфаеу щIэльар, тхьэмыщкIэ, Рубцовщ, Николай, - жеIэ Къурмэн.

- Сыт-тIэ щIэтхьэмыщкIэр?

- ЕгъэлеяуэI Iейуэ йофэ. ЩIалэфIщ икIи талантщ, ауэ сфIэгъэныкъ мэхъу, фадэм зэрихьыпр сощIэри.

Ихьащ фадэм урыс усакIуэ Рубцов Николай. Илъэс тIощIрыпщIым зэрыщыхьэдэхэ имыIэр ихьащ. Талантри пэжт - и гъащIэ кIэщIым кьыщIэна усэхэм ар ящIащ урыс усыгъэм и классик. Абы и щIэкIэ кьалэ щыIэщ - Рубцовск.

Рубцови и закъуэтэкъым Къурмэн сэ сигъэщIыхуар. Данте, Флобер, Тагор, Гёте, Моцарт, Сенекэ, Эйнштейн сыми щыгъуазэ сищIащ. Мо щIалэ Iэзэм, куэд зыщIэм, сэ, рабочэм (абы щыгъуэ Налшык блок заводым сыщылажьэрт) куэд кьыслъхьэIуихырт.

Сэри езым езгъэщIыхуащ ди Аушыджэр къуажэр, Щэрэдж псыхъуэр, гъунэгъуэр, лэжьэгъуэр. Си анэм, си къуэшым, ди гъунэгъу мэкъумэшыл1 Сльон Мухьэмэд, си лэжьэгъу журналист Iэзэ Шырыт Сультlан... Псом ягури кIэрапщIэрт а щIалэ лъагъуэгъуафIэм, уГурлым. Езыми - арат. «Заурбий, уузыщIэну, уи гъащIэр кIыхь хъуну!» - кьыхутритхат Къурмэн си къуэш нэхьыщIам абы щыгъуэ кърита и усэ тхыльэ цIыкIум.

Хъуакъым кIыхь ди Заурбий и гъащIэр. Езы Къурмэн ейри аращ - хъуакъым кIыхь. Зэман щыхьрабгъу зимыIэм къелакъым ахэр псори. Зи, ауэ псэууэ щIым щIэлъэдам хуэдэт. Абыхэм ящыщу зыми хуэбгъэфащэн тэжьым мыпсэуну - узыщIэхэт, я кьару илъагъуэхэт. Ди Заурбий цIыкIу мыгъуэр, имыльлъагъуэкIыну кьэкIуэнум епсалъэ нэхъей, телефоныр Iэкlэ иIыгъыу здэпсалъэм, укIуриящ. Сльон Мухьэмэди гъавэ кьэкIуэнум телажьэу губгъуэм здитым, Iущащ и ажалым. Шырыт Сультlан и лъэм здихьынчу фIэмащIэу, автобусым итIыстхьэрэ пэт лъэпэрэтат зыгъэлIэну узыр кьыщылъэщIыжьым. Ди анэ тхьэмыщIэкIэмэ зыгъэрэхэр кьыдрэмIыжьыр! кьыхуэдмышежжу, кьыдгурымыIуэжу. Пкьоитlым зы гъущI яе щызэпрыгъажьэу, Къурмэн зыдэпхъуеят зыкъыхьпIэр щхьэпылъхьапIэмэ ярейт. И гъащIэр абдеж щиухащ.

Къурмэн и зэманым - зыхэпсэукIым - лъэ быдэкIэ хэту, абы кьару кьуритымкIэ кьэкIуэнум Iэбэрт. А къэкIуэнур езыр кьыщыщынум пэпльэрэгъкъым. И1эгъкъым абы апхуэдэ хущIыхьэгъуэ. ИужькIэ кьэкIуэну махуэхэм, мазэхэм, илъэсхэм ятелажьэрт. Илъэс дапщэм кьапелкIуэкIа абы и Iэр? Ар зэкIэ жыIэгъуейщ. Ауэ иджыпстуи нэрыпльагъщ: а махуэхэр, мазэхэр, илъэсхэр кьызэкIэпльокIуэ, усакIуэм и гъащIэм кьыпащэу.

ХьЭХ Сэфарбий.

ДыгъужЬ Къурмэн и усэхэр

ЛъэIу

Адыгэм папщIэ зыми сыщыгъэкьыну,
Къаруун гуащIи сэ щызмыгъэтъа.
Сэ уи зы махуи щыщIыжьу есхьэкIакъым,
Хьэпэпу пхуэпIыщIащ уэ сигу кьэпIыар.

Лэжьэнэр дэни сэ щигъэщIырт ипэ,
Хуэмыхуу уи кьуэр щIыху имыльэгъуа,
Уи адыгагъэр дэни щыгъэтIапIэт,
НэгъуэщI насыпи сэ къэзмытыхьуа.

Сэ абы папщIэ фIыщIэ
сыщIэлъэIукъым,
ФIы сщIамэ, си адыгэ, уи хьэтырщ.
Зэшыбэ лъэпкъхэм уи щIыхьыр
езгъэкIуу,
Нэхъ хьэлъэри сIэтыну сыхьхьэзырщ.

Мы щIыпIэм теткъым зимыIэ зы пIатIэ,
Сэри си пIатIэр зэгуэр кьынэсынщ,
ИкIи araщ щIыжькIсIэр си лъэIу псатIэр,
Схуэфащэщ сэ мы тIэкIуэхэр
кьызстIысынщ:

Зы жэщ кIыфI гуэрым ди кьуажэ
сыщIыIэу,
Щхьэгъубжэм Iут гъуэтъыпIэм сиIуу сэ.
Ди бгыжьхэм их жьындур макъ
жагъуэ щIыIэу,
Сэ кьызыреджэ щыстыжынум псэр.

Уэ сынолъэIур, къуажэм и нэхулъэм
Щыщ тIэкIукIэ си хьэдащхьэрн
гъэпскIыж,
Хьумэрэныжь и уафэм ит пшэ
хужьхэм
Щыщ тIэкIу джэбыну уэ кьызэшэкIыж.

Си Iеи, си фIи зыми жыремыIэ,
Ефэнды гуэрн тхьэ схуремыльэIу,
Си кхьаблэр зыхьхэр
тIэкIу фыьэтеувыIн,
Сэ си хьэтыркIэ Псыжь уэр фыщIэдэIу.

Хъунукъым ахэм къагъазэ

Къурш гъуэгур мывэ пкIэтъейуэ
Бгы уардэм еупсэещ.
Гъэ минхэр хьэлъэу ятелъу,
Адэжьхэр ябы дэкIащ.
Бгыщхьэ-мурадым адэжьхэр
Щынэсым къэмыувыIа.
Ди гущIэр здашэу Iэдэжу
Уэгу щIхъуантIэ жыжьым хьхьащ.
ДаIуплъэжьынукъым ахэм,
Къагъэзэжьынукъым ахэм.
ИпжкIэ ириджэу ипэм
МанIуэ адэжьхэр зыщIыпIэ.
Ахэрщ дезыдэжр ди гъуаззу
Хъунукъым ахэм къагъазэ.

Щэрджэс пщащэ

Унтащ зэгуэрым гъащIэм и лъагапIэм.
Уэ тхьэIухуду уатьытэну щытащ,
Ди щIалэ жанхэм уэрат я хъуэпсапIэр,
Уэ папщIэ куэдым куэди тлъэкIащ.
АдыгэлI хахуэу пэжыгъэр зыхэтъырщ
Уи деж зи щыIтэ нэзыхусыфар.
Уэ кьыпхуэфащэрэ ди гум Iэф Iу хэтъыр
Жэщ кIыхьхэм фадэм хуэзэу изыфар.
Уэратн зи нэмысыр гъагэ дыдэу
Щыхуубэм щыпсэ куэдхэм щаIуэтар!
Уэратн адыгэщIыр зэрыпагэу,
Сэтэней гъагъэу ди щIыгум итар!
Адыгэм папщIэ самыгъэпсэумэ,
Адыгэм папщIэ сылIэнщ.

Си къхьабгэр зыхьхэр

тIэкIу фызэтеувыIн,

Сэ си хьэтыркIэ Псыжь уэр фыщIэдэIу.

Хъунукъым ахэм къагъазэ

Къурш гъуэгур мывэ пкIэтъейуэ
Бгы уардэм еупсэещ.
Гъэ минхэр хьэлъэу ятелъу,
Адэжьхэр ябы дэкIащ.
Бгыщхьэ-мурадым адэжьхэр
Щынэсым къэмыувыIа.
Ди гущIэр здашэу Iэдэжу
Уэгу щIхъуантIэ жыжьым хьхьащ.
ДаIуплъэжьынукъым ахэм,
Къагъэзэжьынукъым ахэм.
ИпжкIэ ириджэу ипэм
МанIуэ адэжьхэр зыщIыпIэ.
Ахэрщ дезыдэжр ди гъуаззу
Хъунукъым ахэм къагъазэ.

Щэрджэс пщащэ

Унтащ зэгуэрым гъащIэм и лъагапIэм.
Уэ тхьэIухуду уатьытэну щытащ,
Ди щIалэ жанхэм уэрат я хъуэпсапIэр,
Уэ папщIэ куэдым куэди тлъэкIащ.
АдыгэлI хахуэу пэжыгъэр зыхэтъырщ
Уи деж зи щыIтэ нэзыхусыфар.
Уэ кьыпхуэфащэрэ ди гум Iэф Iу хэтъыр
Жэщ кIыхьхэм фадэм хуэзэу изыфар.
Уэратн зи нэмысыр гъагэ дыдэу
Щыхуубэм щыпсэ куэдхэм щаIуэтар!
Адыгэм папщIэ самыгъэпсэумэ,
Адыгэм папщIэ сылIэнщ.

Адыгэ макъамэ.
Сурэтыр **СэвкIуий Хьэмид** *ищIащ.*

Кърш гуэрэнхэм дыкьафыхь

Ар уэращ, Къурмэнщ къэпсалъэр,
Сэ уи макъыр къэсщIэжащ.
Лъэтэн хуэдэ кьэсри гIалъэр,
АдыгэщIыр къэщхьэлъащ.
Псы уэр Iэлхэм я даущыр,
КьодэIуну щэху ящащ,
Iащхьэмахуэм нэхъ ерыщыр, -
Щхьэм пшэ пыIэр щхьэрихащ.

ХьыбарыфIхэр адэжь Хэкум
ЩIыпIэ жьыжьэм кьыхуипхащ,
Зи бын кьэту еша щIыгум
И губжьмIэр хуэпхащ.
Жьыз, Къурмэн, уемыщэщу,
Кьурш гуэрэнхэм дыкьафыхь,
Тхьдэ гъуэ укIэ джэгу зэхишэу
Адыгэбзэм зерепльхь.

ГЪУКIЭКЪУЛ Мухьэмэд.

Хущхъуэ кьыщIыхьу хьыбархэр

Дыгъужь Къурмэн хузотх

Сымаджэщым унысскIэ лъыкIуат,
СощIэжыр, у зым сыхигъэзыхат,
Хущхъуэ кьыщIыхьу хьыбархэр нысхуэпхьат,
ЖьыщIежьэ жьым гуапэ у кьызжеIат:
«Къуршыбг и мывэу бдыдэу зыпIыгъынщ,
Жьыжьапэщи, уеэ Iэ джи птхынщ...»
Студент илъэсхэм кьыбогъэгъэзэж.
Ди Хэку кьалащхьэм ди гур кьыщыдэжт.
Мэзым щыхь закьуэу щIэгъэщIыжьам,
Гъэгу ебгъэ лъагъуу, си гум укьипплащ,
Ар уэ хьун Iэфым гуапэу хэпшэжащ,
Быни игъэутынщ, щогуфыкIкI хуэпщIат.
Бжьыхьэ уэщхьм щхьэгъубжэр донэщхьейр,
КьэбгъэнэщхьыфIэу кьыскхуIэпхьат
Хьумэрэ мэз кьабзагъэ дахэкIерр, -
Хущхъуэ тельыджэу кьыспкърыхьат.
Бжьыхьэ уэлбанэу щхьэгъубжэм Iутар
Уэздэжгъэ уэсхэм Iуаужат.
Гъэмах уэм и дахэгъу я кьыхэ уэпхьар,
Палатэми щIээти, уэзыр сщхьащахат .
МафIэгу джэ макьхэр Iупщу зэхьзох,
Гъэмах уэ, ныбжьыгъу, есхьэкIакъым,
Сыхуэзэщу бгъэм кьыпэрыдох,
СыпсэухукIэ ахэр сэ сщIыгъунщ.

ТУРКIИЕВ Альберт,
нэгъуей усакIуэ.

Уэр щхьэкIэ

ФIэкIа усльагъэжьнукъым, Къурмэн...
Уэр щхьэкIэ си пум сэ щызгъэфIырт Iэджэ,
Арщхьэкlэ упсэуху щыбжеэмыIакIэ,
Мащащхьэ псальэм сытхэр и пэрмэн?
Сыту Iейуэ гъащIэ кIэщI хуэхьа, Къурмэн.
ФIэкIа укъэплъэжьынукъым, Къурмэн,
ИгъащIэкIэ хуэуащ уэ япэжьжьэ

Уэзэрыушхуэ уэ щытыгъэ кьуршыжьхэм,
Уи пщIыкъэм я хэщIапIэ Хъумэрэн.
Сыту Iейуэ гъащIэ кIэщI хуэхьа, Къурмэн.
Сымаджэ хьэлъэ ухъуми уэ, Къурмэн,
Унгъжьжьыжьу жьIпIэти Псыжьыпсым,
Адэжьхэм я щIыналъэ уи нэ-уи псэм
Ажалым пфIэщIти уэ ущихъумэн.
Сыту Iейуэ гъащIэ кIэщI хуэхьа, Къурмэн.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин.

Си фIэщ мэхъу

Дыгъужь Къурмэн и фэеплъу

И фIэщ хьут а кьырым
Удэор щыгъэгъэну,
Ауэ хэт удз жьлэр
Абы нэс ихьын?
«Зыри щымыIэжми,
Сэ сыщIыIэщI» - жиIэт.
Ар дунейм тетамэ,
Си фIэщ мэхъу, нэсынт
Ауэ еупщIакъым
Зыми ажал ибгэр...
Иджы кьырыр нейуэ
КIыдоплъ дэ кьэнахэм.

ШОРЭ Ахьмэд.

● Жыжьэ - гъунэгъу

ЩІэблэм я дамэ

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэту Гиляхов Малик зауэм щыІухьар 1942 гъэм и гъэмахэрщ. Тэн псым и Іэшэлъашэм бий ерур ерыщу къыщебгъэрыкІыэрт. Ихъуреягъыр мафІэ лыгъэт, щІыпІэр Іугъэмрэ гъуэзымрэ зэщІащтат. Хьэуар сырымэ гуащІэмрэ лъымэмрэ якудат, уІэгъэхэмрэ укІыгъэхэмрэ куэдт. Къарухэр зэхуэдэтэкъымии, ди дзэр къикІуэтын хуей хъурт. Ди хэкуэгъу Іэджэм я щхьэр щагъэтыплъащ Ростоврэ Сарпинскэ гуэлхэмрэ я зэхуакум, зэрыпхъуакІуэ куэди а щІыпІэм Іисраф щащІащ.

Гиляховыр ящыщщ зи насыпт къихьу а псэзэпыпхьапІэ бзаджэм кьелахэм. Биишэр зыпхидза и Іэ сэмэгум иригъэІэзэу мазэ хуэдизэ уІэгъэщым щигъэкІуа нэужь, пІалъэ кІэщІкІэ топгъаугъу иратъэджащ.

Фельдмаршал Паулюс зи унафэщІ, щытхъупсым игъэІудэфа еханэ армэр Сталинград деж къыщІаухъуреихьат. Ар къыригъэлыныр и гуращэу Гитлер къарурушхэр къырихьжьат. Абы пэщІэтыр ди дзэр кІуэрыкІуэм тету иращ мурадкІэ, фашистхэр гуащІэу кьебгъэрыкІуэрт. Игурэ и щхьэрэ зэтетлъу Малик и топыр къыхуэбгъэна нэмыщІ танкым тригъансэри, лыгъэ иридзащ. Зэ хэуэр зэщІэпІэ зэпыт. Танкхэр гъуахъуэрт, топышэхэм щІыр иравыкІырт, а псом щІыпІэр дэзджызджырт. Гиляховым зыри зэхимых хуэдэ, и нэхэр зыгъедиар кьещІэ-нещІэу пІащІэгъуэкІэ инкІуэтыж бийм и танк хьэпъэжьхэрт...

Псков къаІэр хуит кьыщащІыжым, Малик зыхэт лагъымыдз взводым фашистхэм я «Тигр- танк зэрыщІыр Іуэхуэдэу б инкъутащ. А зэхэуэгу ащІэм кьыщигъэпъэгъуа хахуагъэм папщІэ, Командующ Нэхъыщхьэм Гиляховым фІыщІэ кьыІэрыхуищІам теухуауэ дзэ газетхэм ящыщ зым мыпхуэдизу щатхауэ щытат: «Комбат Гиляховым унафэ къыІэрохьэ Псков егъэрыкІуэну ди танкхэмрэ лъэсыдзэхэмрэ гъуэгур «къыхуэзІуахыну». 595-нэ сапер батальон хэ хам тІасхъэщІэх гуп зыбжанэ къыщыІэрагъэпэщ. Абыхэм ящыщ зым Гиляховыр и унафэщІщ. Жэщ кІыфІыр къагъэсэбэпри, щІы псыф щыІэм хэпъу, ди зауэлІхэр бийм и быданІэм йопщыпІэ.

сэмэгур щыпахащ. И щІалэгъуэ дахэу зи лъакъуэр зыфІэкІуэдам и гум фІы щыщІэнт! Абы хуабжьу ринэщхьейрт, ауэ Хэкум папщІэ зи псэр зыта ди зауэлІ мелуанхэм я натІэ хъуам щегупсыскІэ, езыр къыІэрелам щхьэкІэ шыкур ищІырти, и гур игъэбыдэрт.

Гиляховыр Т кІуэныгъэм и махуэ лъапІэм Баку къалэм и уІэгъэщым щыІущІащ. А гуфІэгъуэшхуэм, лъыгъажэ зауэр зэриухам, ди щыхуэр дяпэкІэ зэрыхэмыкІуэдажьнум къаруущІэ кІыхьитхьэрт. Ауэ итьэскІэ кьыхуэмыкІуаУэ иджы кьыІэрыхьа письмом а псор ІуригъэупщІыІуэжат - абы итт балъкъэрэр я лъахэм зэрырагъэкІар. Нашшык къэсыжу пэжыр итьагъуэу, а хъыбарыр и фІэщ хуэщІакъым. Военкоматым кьыщыжраІаи и Іыхьлыхэр здаша щІыпІэм зэрыщымыгъуазэр икІи Алма-Ата къалэм ахэр къыщитьыхъуэну чэнджащ кьыщратащ.

- Апхуэдэ щІыкІэкІэ хамэщІ жьжьэм сыкъыщыхутауэ щытащ. Си насыпти, куэдзэмыкІыу, Ногеров зэшхэу Махтырэ Хъызыррэ сахуэзащ. Калабеков Ануар я гъуэсэу ахэр вакъэ фабрикэм щылажьэрти, сэри абы сагъэуващ, - игу кьитІэкІыжьрт нэхъыжьыфІым. - Іэнатіэм сыкъыщыджэ зэманым си унагъуэмрэ си Іыхьлыхэмрэ кхъэлъыхьуэрт. Зы махуэ гуэрым бззэрым сыщыІущІащ ди Акъ-Су кьуажэм и Іэщ дохутыру щыта Бабаев Хъызыр. Абырэ Берлин деж щыхэкІуэда и унэкъуэщ Магомет и щхьэгъэсэмрэ я чэнджэщкІэ бгыщхьэм щаухуэ ГЭС-м сыкІуащ. А щІыпІэм щылажьэ си лъэпкъэгъуэм я фІыгъэкІэ, си Іыхьлыхэр Кьыргъызым зэрыщыпсэр кхъэсщІащ, ауэ дыщыззэрыгъэтыжкар итьэситІ дэкІа нэужьщ.

...Пхъэр блэкІащ. Си лъэпкъыр зей зэращыжкрэ псы Іэджи ежэхащ. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, псэзэпыпхьапІэ бзаджэм куэдрэ кІыхута, гъащІэ зыпхьэгъуа Гиляхов Малик жьыщхьэ махуэ хьуаеу, и бынхэмрэ и кьуэрыпхьу-пхъурыпхъуэмрэ я зэфІэкІхэм иригушхэу псэуащ.

«Хэку зауэшхуэ», «Щыхь» орденхэм я ятІ, ещанэ нагъыщэкрэ, медаль куэд зыхуагъэфэща зэхьжьыжьфІым кьикІуа гъуэгуанэ гугъур, и ІуэхущІафэ дахэр и Іыхьлыхэмрэ зыщІыхуу щытахэмрэ яфІэлъапІэщІ. Малик кьэзыпхуа лъэпкъыр ягъэбагъуэу, я кьуэпсхэр ягъэбидзу и бынихьм къатепщІыкІыжа и щІэбгъ пщыкІуийр нобэ абы и лъатІуэм ирокІуэ. Ар щыхуэ зыгъэин лъапІэныгъэщ, щапхъэ гъуэзэджэщ.

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.

Гиляхов Малик

● Студент гъащІэ

Дэ дыхцейкъым иужьрей макъ

Лъэпкъыр зыхъуэмэр бзэрщ. И щІыгум кьытрачу хамэщІым иралда щІыхур ещхьщ тафэм кьытралда бдзэжьейм. Дызэрыщыгъуазэщи, бдзэжьейр псым хэмысмэ, псэуфыркъым, щІыхури и хэку имысыкъэ, зихъумэжьыфыркъым. Кавказым ирахуу Тырку псэуу нэса убыххэр мин щэщІым нэсырт. Захъумжьыфын хуэдэу езыхэм я закъуэ итІысыкІыфагъкъыми, я бзэр кІуэщІуэр, кІудыжьипащ.

ФИЛЬМ кІэщІхэмкІэ 1988 гъэм Тырку ямэ уВыпІэ къыщыхьауэ щытащ иужьрей убыхым - а лІакъуэм щыщу зи анэдэлъхубзэр зыгъэзэрыуэу дунейм кьытенжауэ щыта Эсенч (Зейф) Тевфик - трахам. «Иужьрей макъхэр» - арат Тыркум щыщ Хьэжэсмэн кІуачэ щыкІум щытрахауэ щыта кином зэреджэр. Абы щыгъуэ Тевфик илъэс 81-рэ и ныбжьт. Убыхыбзэм и кьохутэным ящэу и ужь ихьащ франджы щІэныгъэлІ Дюмезиль Жордж. А бзэм теухуауэ ар дзлэжьауэ щытащ Эсенч Тевфик.

КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм и студентхэр дехьэхьлэпкьым и тхыдэм. «Иужьрей макъхэр» фильмым ахэр иджыблагъэ «Адыгэ унэм» щригъэІпащ ІутІыж Мэжид. Яхутепсэлъыхьуэр, мыгурыІуэгъуэхэр игъэнахуэрт хэкупсэм. Бзэр зэрыкІуэдыжым тепсэлъыхьырт лІыхьужьыр - иужьрей убыхыр. Абы и дежкІэ лъапІэщ къэзыуэрееихьыр щІыуэпсыр: псы ежэхыр, дыгъэр, кьэкІыгъэхэр. «Ильэсищэрэ тІощІрэ тхурэ и ныбжьщ мы жыгым – убыхыбзэ куэду зэхихащ», - жеІэ абы. Псом хуэмыдэу лІыхьужьым егъэлъапІэ пщэдджьыжьыр. «Дыщэм хуэдэу дыгъэр кьыщІокІ. Нэху щащ, гъащІэм щІидзащ», - жи, дунейм и даха-гъыр и гум зэрыдыхьэр кьиІэлъагъуэу зиплъыхьурэ. «Зы гъащІэ, зы тхьэмпэ. А гъащІэм ди Іуэхуу хэлъыр зы ткІуэпсщ», - апхуэдэуи топсэлъыхьы лІыхьужьыр гъащІэм. Пэж дыдэуи, мащІэ дыдэу кьыщІэкІынущ щІыхуэм и Іуэхуу гъащІэм хэлъыр. НэгъуэщІу щытамэ, Эсенчи и бзэр кьригъэлъынт.

Хьэжэсмэн кьуажэм я псэукІэр щыплъагъурт кином. Эсенч хуэдэу фІыуэ ямыщІэми, убыхыбзэм щыгъуаз, абы ирипсалъэ щыпсэурт мыбы. Хабзэм щыщхэр иджыри зэрызрахэр хэпльагъуэрт кьуажэм щекІуэкІ хьэгъуэлІыгъуэм. «Ныуэжь щІэщІывэжьм» и хабзэрн кьэгъэльэгъуат. Щыхубзым пщІэ зэрыхуащІыр хьэлэмэт гуэру кьыхэщырт: щауэр лъэгуажьэмыщхьэкІэ щыту кьыдфэрт бзылъхугъэм. Кьуажэ псэукІэр ди нэгум щІэтщ... Долъагъу тетІысхьэпІэм тес лІыхьужьм убыхыбзэкІэ дзапэ уэрэд зэрыжаІэр. Псыхъуэм дыдоплъэри, щІалэгъуалэм зыщагъэпсэху. Губгъуэм щыдолъагъу щІалэхэм гъубжькІэ гуэдз кьызрахыр.

ІутІыж Мэжид щІалэгъуалэр иригъэдэІуащ тыркубзэкІэ кьэІу псалъэхэм кьарыкІэр Эсенч убыхыбзэкІэ зэрыпидзыжым. 1959 гъэ лъандэрэ зэхуэхьэсын щІадзащ псалъэхэр, 1983 гъэм ирагъэтхащ. ГъэщІэгъуэнт убыхыбзэм и Іуки Іэр. Бзэ кІуэдыжам, и кІапэлъапэ нэхъ мыхъуми, укІэлъыплъыну щхьэпэщ. Абы къыхэбубыдыкІыфырт псалъэ щхьэхуэхэр: хьымэ - хамэ, мэмыІэрысэ, гъуэныі - пшынэ, мдзэ - мазэ, хыкъэ - тхыль, акъы - щхьэнкъуэ, уэскъэ - кьызжеІэ, багъыр - пщІащхьуэ, бып - къэб.

1992 гъэм Эсенч Тевфик Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуат. Сымаджэ хьэлъэ хъури, кхъухьлъатэкІэ ящэжащ, икІи абы щыІэжащ и ныбжьыр илъэс 85-м иту. НасыпыфІэт къыщыкІуэжам - и псэр хэмыкІ щІыкІэ и Хэку илъагъужат, и щІыгу щызекІуэжат.

Мэжид щІалэгъуалэм зэрагъэщІар, абы ядригъэкІуэкІа псалъэмакъыр, яригъэлъэгъуахэр уззэщІэгъупсысыж, узыщІэзыгъэдэІукІыж защІэт. Ар щІыхуэхэр гъунэгъу зэхуэзыщІ зэІуэщІэт. КІуэдыжа лъэпкъым и тхыдэм зэІэпыплъыжа, абы и гуауэр зыхэзыщІа щІыхуэм еэым и бзэм тегужьеинкІауэ ихъумэн хуейщ. И гум сыт щыгъуи илъын хуейщ бзэр езыр зэрыгъэрар. Адыгэ лъэпкъыр хуейкъым иужьрей макъ.

ГУГЪУЭТ Зарем,
КъБКъУ-м и студент.
Сурэтым: **КъБКъУ-м и студент гуп я егъэджакІуэ Бакъ Зерэ я гъусэу «Адыгэ унэм» кино щопль.**

● ЩІэ

Зи чэзу къыдэкІыгъуэр



«Нур» сабий журналым и 11-нэ къыдэкІыгъуэр иджыблагъэ дунейм кьытехьащ.

ЖУРНАЛЫМ пещэ блэкІа зэманым кьытехуауэ щытахэм ар кьыдэкІын зэрыщІидзэрэ ильэс 30 щрикъум ирихьэлІэу щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ щыным. Мыбы тетщ Сокъур Мусэрбий, Балькъэр Фоусэт, Мысаиэ Петр, Тхьэгъэзит Зубер, Пъбжокъуэ Лиуан, Елгъэр Кашиф, Щоджэн Леонид, Къагъырмэс Борис, Къэжэр Петр, сымэ ильэс зыбжанэкІэ уззэгъэкІыжмэ, кьыгырагъэдзауэ щыта усэхэр. Апхуэдэуи укьыщеджэфынущ Журт Биберд и «Жьапщэ» рассказым, Къэрмокьуэ Хьэмид итхыжа «Лъэпщ и пщІыхьэпІэ» нарт хъыбарым. Ахэри нэхьапэІуэкІэ журналым тетащ. Апхуэдэуи къытехуауэ щытахэм къыхахыжащ Тату Асон и «Хэтхэ у а рей?», «Уэшхыр дэнэ къикІрэ?» рассказ кІэщІхэр, ГъукІэлі Исуф и «Сидадэ» усэр. Филологие щэныгъэхэм я кандидат, доцент Абазэ Алібэч и «Гъуэгуанэ дахэ» тхыгъэр триухуащ «Нурыр» ильэс 30 зэрырикъум, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ тэмэму гъэсэныкІэ журналым игъэзащІэ кьалэнхэу мыхьэнэшхуэ зиІэхэм.

Лъэпкъым кьикІуа гъуэгуанэшхуэм и лъэужьхэр тхыдэм кьыхощ. Апхуэдэщ «Марие и фэеплькІэ» еджэу Налшык кьалэ дэтыр. Ар щыгъэзэмрэ Къэбэрдейм и пщыщхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней (иужькІэ Марие зыфІащар) урыс пащтыхьышхуэ Иван Грознэм щхьэгъусэ зэрыхуэхъуамрэ я тхыдэм топсэлъыхь тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, доцент Бэрэзэдж Бар эбий и «Фэеплъ льапІэ» тхыгъэр.

Дунейм псэ зыІуту тетхэм я нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зым и кьалэнхэм, щыгъуазэ фищынщ «Жьыгыуіухэм жыгыр щІэуІур» тхыгъэм.

Дыгъужьхэм я псэукІэм, яшхын кьуэзэрагъуэт щыкІэм топсэлъыхь «Псэущхьэхэр» псалъащхьэм щІэту кьытрадза «Дыгъужь» тхыгъэр.

Апхуэдэуи мы кьыдэкІыгъуэм кьыщыбгъуэтынщ «Сабий гъэфІэнхэм» зи сурэт ихуа ныбжьыщІэхэр. Журналыр фІыуэ зыльагъуэм ящыщ «Нурым» и гъуджэ - псальащхьэм зи сурэтхэр щІагъэува щыкІуэхэр.

Сыт щыгъуи хуэдэу мы къыдэкІыгъуэми щыгъгъэтынущ псальэзэблэдз.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЗэрагъэзащІэр къапщытэ

Бахьсэн районым и прокуратурэм республикэм ЩІыуэпс хьуГуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и ЛыкІуэр щІыгъуу куейм и жылагъуэхэм я щІыпІэ администрацэхэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ экологиемкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэр къыпщытащ.

КУБА, Зеикъуэ, Псыхъурей, Бахьсэненкэ, ПсыкІэху, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм промышленнэ, унагъуэ кІэрыхуэбжьэрыухэр гъэкъэбзэныр хабзэм къыщэригъэувым хуэдэу къыщызэрагъэпэщыркъым. КъыззэрахутамкІэ, «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и Іэхуэкі» Федеральнэ законым и 16, 51 статьяхэм, «Іэнатіэхэм я кІэрыхуэбжьэрыухэмрэ ахэр къыззрагъэсэпэлмрэ я Іуэхуиі» Федеральнэ законым и 13 статьям, Урысей Федерацэм Псымкі э и кодексым и 56, 65 статьяхэм щыгъбзыхуаэхэр ящэпауэ. Зи гугъу тщІы муниципальнэ щІыналъэхэм экологие, санитар, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм къыззрагъэувым тету, кІэрыхуэбжьэрыухэр щІэкІыжьрэ щагъэкъэбзакъым. КъыщыжмыщІауэ, псы хъумапІэхэри хьихьэу, унагъуэхэм, Іэнатіэхэм я кІэрыхуэбжьэрыху быдэхэр, куэнщыбэхэр зыхуэзэм дек щхьэзыфІэфІу щрагкІыт.

УФ-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ и законодательствэм къыгъэувэхэр хуит ящІа пхъэнкІий идзыпІэхэми щагъэзащІэркъым. Зыхуей тхыпльхэр яІэккым, кьабзагъэр хъумэным теухуа Іуэхугъуэхэр кьыщызэрагъэпэщыркъым, санитар, мафІэсым зэрыпэщІэтыпхэ пщалъэхэмрэ хабзэхэмрэ кьыщызэпауд.

Апхуэдэу Къупчъкъужкин Ищхъэрэ, Исльэмей, Кьыщпэч къуажэхэм «Іэнатіэхэм я кІэрыхуэбжьэрыухэмрэ ахэр къыззрагъэсэбэпымрэ я Іуэхуиі» Федеральнэ законым и 10, 11, 14, 15, 18, 19 статьяхэм щыгъбзыхуаэхэм щеліаІэркъым.

Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ экологиемкІэ законодательствэм къыгъэувэхэр зэрамыгъэзащІэм и зэрамкІэ, Бахьсэн районым и къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ узыфэхэм зэщІащтэнкІэ хъунущ. Абы еэзы кьэгъэкІ, зэрыщыту республикэм и экологие щытыкІэр зэІигъэхьэным хуэІуа щыІэкъым.

Къэпщытэныгъэм къыриІуам икъэ итклэ, районым и прокуратурэм Бахьсэн муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм хуитхащ къыщІагъэща ныкъуасыгъэхэр ягъэзэкІуэжыну пщэрыльэ ящІэщІ тхылъхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Адыгэ цІэрыІуэхэр

Сурэтыщі цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ Къуп Мухьэмэд *(1942 - 2001)* **гъащІэ гугъу, гъащІэ дахэ кьипсэуащ. Ноби абы и цІэр куэдым фІыкІэ ягу къагъэкІыж.**

● Іэпщэрыбанэ

Медалхэр къахь

Иджыблагъэ Санкт-Петербург щекІуэкІащ Урысейм Іэпщэрыбанэмкіэ и чемпионат. Абы щызэхуэса спортсмен 250-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзнакІуэ нэхъыфІу 18 яхэтат, 5-м екъуІэныгъэхэр зыІэрагъэхьащ.

КИЛОГРАММ 75-м нэс зи хьэпъагъэхэм я эпеуэм Урысейм и чемпион щыхъащ, мы гъэм дунейпсо чемпионатым дыжьын медаль кьыщызыхьа Шахвалиев Магомедали хэзыгъэщІа, ильэс 18 зи ныбжь спортсмен Тенджиз Арсен. Абы къэралым спортымкІэ и мастер мардэхэр игъэзащІащ. КІэух зэпеуэм Арсен и хьэрхэрэгъуэу щытащ нэгъуэщІ ди лъахэгъу Бесльэней Нурмухьэмэд, абы ятІуанэ увыпІэр кьи-хьащ. Мы щІалитІми я тренерщ Мамхэгъ Іудэмщ.

Тренерхэу Мамхэгъхэз Хьэчимрэ Іэдэмрэ я гъэсэн Шорэ Альберт (кг 80-м нэс зи хьэпъагъ) дыжьын медаль кьыхьащ. Апхуэдэ дыдэ екъуІэныгъэ щыхуэзыгъэ я зэпеуэм щиІащ Пщыпэ Оксанэ (кг 65-рэ). КъБР-м и бзыльхугъэхэм ящыщу ящэу Іэпщэрыбанэмкіэ Урысейм спортымкіэ и мастерым и мардэхэр зыгъэззщІащ аращ. Жэз медаль зыІэриІэжьащ КІуэкІуэ Анатолэ (килограмм 90-м щІигъу). Аэр я гъэсэнщ тренерхэу Джэрджаж Валерэрэр Бэрэгъун Зуберрэ.

Кьыхэзгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэпщэрыбанэ спортымкІэ и лІыкІуэхэм Урысей Федерацэм и чемпионатым иджы ящэу апхуэдизэ екъуІэныгъэ кьыщыхьу аращ. Абы кьрикІуахэм япкъ итклэ, си спортсменитху кьэралым и командэ кьыхэхам хагъэхащ.

УЭРДОКЪУЭ Іанэ.

Тхьэмахуэ къэс

Ильэсыр кьыззрихьэрэ республикэм сабийхэр хэту аварие 80-м нэблагъэ кьыщыхьащ. Абыхэм я хэкІуэдащ, 80-м нэблагъэм фэбжь яГъэтащ. ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм сабийр кьыззрырашэкІын хуей хабзэр (ахэр тетІысхьэпІэм Іэмэпсымэ щхьэхуэкІэ егъэбыдыпІауэ щытын хуейщ) 9.255-рэ кьыззпаудауэ кьыщІэкъащащ, абыхэм ящыщу 1.526-р - щэкІуэгъуэ мазэм.

Сабийхэр щынагъэушІэу кьеІэжкІынымкІэ хабзэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльу гъуэгум щынагъэушІэу щызекІуэным теухуауэ Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм тхьэмахуэ кьэс ерій ирагъэжкІуэкІ. Абыхэм ящыщ зым, Налшык кьалэ и сабий садхэм пэгъуэнгъуэу щылэжьа гъэгу пльырхэм дыгъэгъазэм и 14-м сыхьэт 15-м щыщІэдзауэ 18-м кьриубыдэу административнэ жэуапым шофер 60 ирашэлІащ. Сабийхэр кьызэрырашэкІ хабзэр кьызэпльзыыдэхэм я щІыпІэ сом 500 тральхьэ.

Къэралкіуэщі Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и УГИБДД-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● ГИБДД-м къет

● ЩІэ

Зи чэзу къыдэкІыгъуэр

«Нур» сабий журналым и 11-нэ къыдэкІыгъуэр иджыблагъэ дунейм кьытехьащ.

ЖУРНАЛЫМ пещэ блэкІа зэманым кьытехуауэ щытахэм ар кьыдэкІын зэрыщІидзэрэ ильэс 30 щрикъум ирихьэлІэу щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ щыным. Мыбы тетщ Сокъур Мусэрбий, Балькъэр Фоусэт, Мысаиэ Петр, Тхьэгъэзит Зубер, Пъбжокъуэ Лиуан, Елгъэр Кашиф, Щоджэн Леонид, Къагъырмэс Борис, Къэжэр Петр сымэ ильэс зыбжанэкІэ уззэгъэкІыжмэ, кьыгырагъэдзауэ щыта усэхэр. Апхуэдэуи укьыщеджэфынущ Журт Биберд и «Жьапщэ» рассказым, Къэрмокьуэ Хьэмид итхыжа «Лъэпщ и пщІыхьэпІэ» нарт хъыбарым. Ахэри нэхьапэІуэкІэ журналым тетащ. Апхуэдэуи къытехуауэ щытахэм къыхахыжащ Тату Асон и «Хэтхэ у а рей?», «Уэшхыр дэнэ къикІрэ?» рассказ кІэщІхэр, ГъукІэлі Исуф и «Сидадэ» усэр. Филологие щэныгъэхэм я кандидат, доцент Абазэ Алібэч и «Гъуэгуанэ дахэ» тхыгъэр триухуащ «Нурыр» ильэс 30 зэрырикъум, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ тэмэму гъэсэныкІэ журналым игъэзащІэ кьалэнхэу мыхьэнэшхуэ зиІэхэм.

Лъэпкъым кьикІуа гъуэгуанэшхуэм и лъэужьхэр тхыдэм кьыхощ. Апхуэдэщ «Марие и фэеплькІэ» еджэу Налшык кьалэ дэтыр. Ар щыгъэзэмрэ Къэбэрдейм и пщыщхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней (иужькІэ Марие зыфІащар) урыс пащтыхьышхуэ Иван Грознэм щхьэгъусэ зэрыхуэхъуамрэ я тхыдэм топсэлъыхь тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, доцент Бэрэзэдж Бар эбий и «Фэеплъ льапІэ» тхыгъэр.

Дунейм псэ зыІуту тетхэм я нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зым и кьалэнхэм, щыгъуазэ фищынщ «Жьыгыуіухэм жыгыр щІэуІур» тхыгъэм.

Дыгъужьхэм я псэукІэм, яшхын кьуэзэрагъуэт щыкІэм топсэлъыхь «Псэущхьэхэр» псалъащхьэм щІэту кьытрадза «Дыгъужь» тхыгъэр.

Апхуэдэуи мы кьыдэкІыгъуэм кьыщыбгъуэтынщ «Сабий гъэфІэнхэм» зи сурэт ихуа ныбжьыщІэхэр. Журналыр фІыуэ зыльагъуэм ящыщ «Нурым» и гъуджэ - псальащхьэм зи сурэтхэр щІагъэува щыкІуэхэр.

Сыт щыгъуи хуэдэу мы къыдэкІыгъуэми щыгъгъэтынущ псальэзэблэдз.

АБЗУАН Пщымахуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТЭХР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обзореватеІхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі эхэм я дзэлжьэныгъэмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм щыыыщІхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я нэжагъмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынри и щІэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэзу: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору ЩІхьэщэмыщІ Иззэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Мэлбахьуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №4173